Sempulur

mbangun bangsa lumantar budaya

DINAS KEBUDAYAAN
DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA



Makarti Pakartining Budaya

- Pangaribawane Keistimewaan Yogyakarta Marang Pambangune Kabudayan

NOMER: 29/I-2018

jogja istimewa

Uluk Salam

Makarti Budaya



Salam Budaya,

MATUR pamuji sukur dene majalah triwulanan Sempulur wis kababar kabirawa maneh. Dinas Kebudayaan DIY laras kalawan jejibahane, tansah nyengkuyung ombyak gumregahing kridha budaya masarakat. Program panggulawenthaning kabudayan uga tansah kaudi amrih rinancang tanpa ninggal sedya karsa lan kabutuhane masarakat. Dene anggone ngecakake program, ngleksanakake kegiyatan uga tansah gandheng renteng karo paraga budaya ing masarakat. Sabanjure padha kasaruwe bareng amrih pantes tumanja lan piguna tumrap tumangkar ngrembakane budaya.

Mesthi bae, isih akeh kang durung trep lan sampurna. Mula, guyub tembayatane para sutresna budaya dadi sarana pangudining budaya luhur, hanggayuh luhunging budaya kanthi gotong royong. Tegese, kupiya amrih mekaring budaya kudu sinengkuyung bebarengan. Majalah Sempulur ora winates macak pambiwaraning kridha budaya masarakat DIY nanging uga urun tambah sangu bab kawruh budaya Jawa kang gayut kalawan kupiyane warga masarakat lan Pamarintah memangun amrih DIY saya katon mencorong kuncara "kaistimewaanne". Muga kang kapacak ing Sempulur bisa nambah seserepan lan dadi sarana leledhang, hambuka rasa tresna mring budaya. Sugeng maos. Sumangga.

UMAR PRIYONO
Pemimpin Umum/Penanggung Jawab.

Ringkes



Desa Budaya Dadi Punjer Pamekaring Kabudayan | 2

Kanggo Njaga lan Ngrembakake Kabudayan | 9

Pengetan Hadeging Kadipaten Pakualaman | 13

"Nrawang" Budaya Jawa Ing Sajroning Novel | 25



KETERANGAN GAMBAR SAMPUL

"Adhegan Teatrikal Serangan Umum 1 Maret 1949 kang katindakake ing sangareping Benteng Vredebug, 4 Maret 2018". **(Foto-fid)**

Kalawarti *Sempulur* kababar dening Dinas Kebudayaan Daerah Istimewa Yogyakarta
mboten kasade

Redhaksi nampa sumbangan tulisan wujud esai lan fiksi cerkak, geguritan, macapat, dongeng, legendha, crita rakyat, lsp. saka para maos lan sutresna seni budaya Jawa. Tulisan salaras karo misi Kalawarti SEMPULUR. Tulisan diketik 1,5 spasi, font: book antiqua, 3 (telung) kaca, kejaba cerkak 5 (limang) kaca. Alamat kirim: redaksi.sempulur@gmail.com utawa diparingke langsung ing Sekretariat Redhaksi.

PEMIMPIN UMUM/PENANGGUNG JAWAB ■ **Drs. Umar Priyono, M.Pd.** | PEMIMPIN REDHAKSI ■ **Erlina Hidayati, S.IP., MM.** | WAKIL PEMIMPIN REDHAKSI ■ **Drs. Suraya** | REDHAKTUR ■ **Drs. Dhanu Priyo Prabowo. M. Hum.** ■ **Purwadmadi** ■ **Joko Budhiarto** | EDITOR ■ **Sumarno** ■ **Ardini Pangastuti** ■ **A.Y. Suharyono** | SEKRETARIAT ■ **Drihardono, S. Sos.** ■ **Reksoprojo** ■ **Trisno Sujadi** | LAYOUTER ■ **Darmawan** ■ **Makarim** ■ **Akhriyadi** | JURU FOTO ■ **Ifit Khusnul** ■ **Lathif Cahyono.**

ISSN 2085-2673

ALAMAT REDHAKSI ■ **Jalan Cendana 11 Yogyakarta** | TELEPON ■ **(0274) 562628** | FAKSIMILE ■ **(0274) 564945**
WEBSITE ■ **http://www.tasteofjogja.org** | POS-EL ■ **redaksi.sempulur@gmail.com** | KODE POS ■ **55166**

BRUNJUNG

Pangaribawane Keistimewaan Yogyakarta Marang Pambangune Kabudayan

WUS kauningan yen Daerah Istimewa Yogyakarta iku katetepake dadi dhaerah istimewa lumantar anane UU RI Nomer 13 Tahun 2012. Iku wus jumbuh karo sejarah Ngayogyakarta sing tansah nyengkuyung karo adege negara Indonesia. Ana ing UU kasebut, yaiku Pasal 7 ayat 4, perangan (c) nyebutake yen kabudayan dadi salah sawijining munguh wigatining Keistimewaan Yogyakarta lan tundhone kawujudake lumantar anane Peraturan Daerah Istimewa (Perdais). Nilai-nilai luhur wiwit saka jaman sing wus kapungkur tumekane jaman saiki lan ing jaman tembe mbesuke kudu dadi dhasar sing utama murih Keistimewaan Yogyakarta saya raharja.

Basa lan sastra Jawa minangka perangane Keistimewaan Yogyakarta dadi penting tabete. Basa lan sastra iku satemene pralambange wong Jawa (kalebu ing laladan Daerah Istimewa Yogyakarta) sing sepisanan. Basa sing ginambar ing sastra Jawa iku bisa aweh pituduh tekan sepira dhuwur lan jembare wong Jawa anggone duwe pengangen-angen, gegayuhan, lan tindak-tanduk sing tumata. Kabeh wus padha priksa perpustakaan Kraton Ngayogyakarta lan perpustakaan Pura Pakualaman dadi papane naskah-naskah abasa Jawa sing katulis ing jaman kawuri.

Saka naskah-naskah kasebut, sapa bae bisa mangerteni tekan sepira luhure kalungguhane basa sing gumelar ing sastra Jawa. Niliai-nilai luhur Jawa sing kacihna ing naskah-naskah mau dadi bukti munguhe kabudayan Jawa tinggalane nimpuna basa lan sastra Jawa kala semana. Mula ora jeneng “aeng”, nalika “Jaman Ontrang-Ontran Geger Sepei” (1812), Inggris nggawa mlayu naskah-naskah koleksine Kraton Ngayogyakarta nganti pirang-pirang grobag, digawa menyang negarane. Inggris ora mung nganggep naskah-naskah kuwi “buku” sawantah bae, amarga Inggris mangerteni yen ing “isine” naskah-naskah mau ana rerangkene pikirane wong Jawa menyang masarakat lan kabudayane (Jawa). Cekake, ing sajroning naskah-naskah abasa Jawa tinemu jagade wong Jawa sawutuhe.

Kanthi anane sejarah sing kaya mangkono mau, wus samesthine, yen Keistimewaan Yogyakarta kuwi ora mongkog karo ajine kabudayan sing kapungkur lan luhur, nanging uga migunakake nilai-nilai luhur tinggalan leluhur kanggo mecaki ajuning jaman. Pembangunan kabudayan ing DIY mulane ora bisa ninggal karo pambangune basa lan sastra Jawa nut jaman kelakone. Dinas Kabudayan Daerah Istimewa Yogyakarta tanggap ing sasmita, awit saka iku banjur diadani Seksi Basa lan Sastra Jawa (lan seksi-seksi liyane). Tugase ora liya kepengin nyembadani pambanguning kabudayaan, utamane ing babagan sastra-basa Jawa lumantar sauntara kegiyatan. Lan, majalah Sempulur sing terbit rutin iki dadi salah sijine titikan bab gregete mbangun kabudayan (Jawa).

Wosing rembug, pembangunan kabudayan ing DIY sing disengkuyung dening semangat Keistimewaan DIY bisa bakal kelakon menawa sawernane babagan sing dadi cihnane DIY bisa digatekake, diupakara/dipepetri, lan disempulurake kanthi ancas kanggo saya majune kabudayan ing DIY.

*****

LATAR

Makarti Pakartining Seni Budaya

ERA Keistimewaan Ngayogyakarta kang wektu iki wis lumebu nem taun, bebarengan lumakune amanat Perdhais Nomer 3 Taun 2017 ngenani *Pemeliharaan dan Pengembangan Kebudayaan di DIY*. Kalawarti ***Sempulur*** edisi iki mirunggan mbabar babagan Desa Budaya kang kaajab bisa dadi punjere kupiya njaga lan ngrembakakake kabudayan ing Ngayogyakarta. Mulane isine ***Mirunggan*** wektu iki uga mbabar intin amanate Perdais Nomer 3 Taun 2017 kang kudu kagethoktularake ana ing karang padesan.

Sanajan pungkasan taun kapungkur ana panemu menawa Keistimewaan Ngayogyakarta durung *membumi,* kasunyatane wektu iki swis akeh Desa Budaya, Rintisan Desa Budaya lan Kanthong Budaya kang wis bisa ngrasakake anane Dana Keistimewaan (Danais). Akeh warga kang sadurunge ora kenal seni lan budaya ing sakiwa-tengeni tumuli melu gegulang ing kridha seni budaya tradhisional. Upacara adhat lan tradhisi kang sakawit ora kopen, dadi bisa kadhudhah amrih lestari lan ngrembaka.

Miturut Gubernur DIY Sri Sultan Hamengku Buwono X, *Pekan Budaya Tinghoa Yogyakarta* (PBTY) kang wis diadani sajroning 13 taun uga bisa dadi sarana mujudake Ngayogyakarta dadi *Kota Tolerans* utawa *City of Tolerance* tumrap pangrembakane budaya sajroning *Era Global*. Malah kepara Sri Sultan asring paring dhawuh supaya Ngayogyakarta mingka laboratorium kabudayan internasional kudu tansah oleh kawigaten. Kanthi cara iku, kaajab panggayuh *Jogja untuk Dunia* bisa kasembadan.

Pangarsa Persatuan Pedalangan Indonesia (Pepadi) DIY Ki Edi Suwondo uga ngangandharake menawa satemene amanat AD ART Pepadi laras klawan amanat Perdhais Nomer 3 Taun 2017. Kasunyatan iku bisa dadi landhesan menawa seni pedhalangan gagrak Ngayogyakarta bisa dadi sarana njaga lan ngrembakakake kabudayan ing DIY. Uga bisa dadi sarana mujudake sesanti *Jogja untuk Jogja, Jogja untuk Indonesia, Joggja untuk Dunia*. **(jba)**

AMANAT PERDAIS NOMER 3 TAUN 2017

Desa Budaya Dadi Punjer Mekaring Kabudayan

WIWIT taun 2018 iki Pemerintah Daerah lan masarakat Daerah Istimewa Yogyakarta (DIY) duwe jejibahan njaga lan ngrembakake kabudayan ing DIY. Jejibahan iki magayutan karo Peraturan Daerah Istimewa (Perdais) Nomor 3 **tentang Pemeliharaan dan Pengembangan Kebudayaan di DIY,** kang wis katetepake 27 Desember 2017 kapungkur.

Miturut katrangane Kepala Dinas Kebudayaan DIY Drs Umar Priyono MPd kang banjur katandhesake dening Kepala Bidang Pelestarian Warisan dan Nilai Budaya Dinas Kebudayaan DIY, Dian Lakshmi Pratiwi, kanggo nindakake jejibahan kasebut bakal ditrepake *konsep Jogja untuk Jogja, Jogja untuk Indonesia,* lan *Jogja untuk Dunia*. Wondene punjere cak-cakan jejibahan katujokake marang pemeliharaan lan pengembangan desa budaya ing DIY lan Yogyakarta sebagai Kota Warisan Dunia.

Kasebutake dening Dian Lakshmi, desa budaya ing tlatah DIY wektu iki pancen duwe potensi kang gedhe banget menawa terus dingrembakakake. Desa budaya uga bisa dadi destinasi wisata alternatif. Malah kepara wektu iki akeh desa budaya sing wis dadi destinasi wisata. Pilihan iki dadi tetimbangan, jalaran desa budaya kaajab bisa ningkatake kesejahteraane masarakat.

Tetimbangan iku uga dilandhesi kasunyatan menawa seni budaya tradhisi ing karang padesan luwih cedhak karo masarakat desa. Tata panguripan lan masarakat ing desa-desa wektu iki racake uga isih cedhak klawan nilai-nilai tradhisional. Sanajan mangkono, pangerten desa budaya, kaya kasebut sajroning Perdais Nomer 3 Tahun 2017 ora mung mligi desa kang papane iang plosok-plosok, nanging kabeh desa/kelurahan kang wis katetepake dening Gubernur DIY dadi desa budaya lan kelurahan budaya.

Pasal 1 ayat (9) nyebutake: *desa/kelurahan budaya atau sebutan lain adalah desa/kelurahan yang memelihara dan mengembangkan objek kebudayaan yang dimiliki, meliputi nilai-nilai budaya, pengetahuan dan teknologi, bahasa, adat istiadat, tradisi luhur, benda, dan seni. Sabanjure Pasal 5 ayat (1) nyebutake: objek kebudayaan yang dimaksud adalah yang bersumber dari Kasultanan Ngayogyakarta, Kadipaten Pakualaman, dan masyarakat.*

Pasal 3 uga ngandharake menawa pemeliharaan lan pengembangan kabudayan kaangkah bisa dadi panguwate watak lan jatidhiri masarakat; bisa mujudake pemeliharaan nilai-nilai budaya DIY kanggo ningkatake kesejahteraane masarakat, lembaga dan pemerintah; ngembangake kabudayan DIY kanggo ningkatake santosane budaya lan sumbangsih budaya samadyaning peradaban dunia; lan ningkatake sejahterane masarakat.

Pangerten lan teknologi kang bakal dijaga lan dingrembakakake, yaiku dolanan tradhisional, olahraga, penaggalan tradhisional, senjata, kesenian, kain, kuliner, jamu, pertanian, sistem irigasi, sistem ekonomi, arsitektur, alat transportasi, lan









kawicaksanan barang alam. Wandane adat-istiadhat sajroning kupiya pemeliharaan lan pengembangan, yaiku tata kelola lingkungan, tata cara ngrampungake sengketa, ritual, lan upacara adat.

Uga kaandharake, tradhisi luhur kang sumbere Kasultanan lan Kadipaten, yaiku hamemayu hayuning bawana, sangkan paraning dumadi, pawukon, corak batik, labuhan, sekaten, joglo, beksan srimpi, lan macapat.

Arif Marjaka, Sekretaris Rintisan Desa Budaya Pengasih Kulon Progo, duwe pangajab supaya cak-cakane pemeliharaan lan pengembangan kabudayan ora mung mligi katujokake desa budaya, nanging uga kanggo 80 rintisan budaya ing tlatah DIY lan kanthong-kanthong budaya. Pangajabe Arif Marjaka iku dilandhesi kasunyatan wektu iki akeh masarakat rintisan budaya lan kantong budaya kang bisa ngrasakake asile pembinaan saka pamrentah.

"Wektu iki rintisan desa budaya lan kantung budaya uga akeh kang wis gumregah ing kridha kanggo njaga lang ngrembakake kabudayan. Warga kang sadurunge ora tau sesinggungan karo seni budaya uga wis gumregah melu nguri-uri seni lan budaya tradhisional. Kabeh mau jalaran anane dhana keistimewaan,"panandhese Arif Marjaka marang Sempulur.

Makaping-kaping, Sri Sultan Hamengku Buwono X uga ngelingake menawa Ngayogyakarta iki mujudake laboratorium budaya. Mula saka iku Ngayogyakarta tansah tinarbuka minangka papan pangrembakane maneka jinis karya seni kreatip kanggo neguhake ciri budaya kang temen-temun duwe daya urip.

Minangka gerbang wisata, Ngayogyakarta uga akeh sesinggungan klawan warga lan budaya mancanegara. Gegandhengan bab iki, Sri Sultan dhawuh supaya babagan kabudayan tansah dipahami lumantar *dua dimensi: Selektif menghirup budaya bangsa-bangsa lain yang mampu memberi nilai tambah kualitatif, namun juga menjaga khasanah budaya tradisional agar tetap mengaliri kehidupan budaya nasional*. **(jba)**

Potensi Budaya Kanggo Undhaking Kasejahteraan Masarakat

DESA lan kalurahan ing tlatah DIY kang wus ditetepake minangka desa budaya miturut SK Gubernur DIY nomer 262/KEP/2016 dianggep duwe potensi budaya kanggo ngrembakakake kearifan lokal masarakate. Kanthi tuwuh lan ngrembakane potensi kearifan lokal kasebut diajab bisa migunani tumrap undhaking kasejateraan masarakat. Miturut SK Gubernur DIY kasebut, ana 56 desa lan kalurahan kang wus katetepake minangka desa budaya, kang sabanjure 56 desa budaya kasebut pikantuk *pembinaan* lan *pendampingan* saka DIY. Dene kang durung bisa klebu desa budaya disebut rintisan desa budaya entuk *pembinaan* lan *pendampingan* saka kabupaten-kota supaya ing tembe bisa dadi desa budaya, cacahe 44 desa lan kalurahan sa DIY.

"Sawijining desa utawi kalurahan saged dipunlebetaken wonten kriteria desa budaya menika wonten saratipun (parameter), kadosta wonten potensi adhat tradhisi, kuliner, kerajinan, dolanan tradhisional, kesenian, bahasa sastra aksara, tata ruang, arsitektur, saha situs-situs ingkang dipun uri-uri, dipunlestantunaken saha dipunkembangaken wonten desa utawi kalurahan kasebut. Dene menawi desa utawi kalurahan saweg nggadhahi setunggal utawi kalih potensi, dipunlebetaken wonten kriteria







Maneka kegiyatan Desa Budaya ing D.I. Yogyakarta **(foto-dok. Disbud)**

rintisan desa budaya. Wonten Kulon Progo piyambak samenika wonten 15 desa budaya, 11 rintisan desa budaya saha 36 kanthong budaya. Ing taun 2018 menika wonten 5 desa ing Kulon Progo ingkang dipunbina supados saged mlebet kriteria rintisan desa budaya." pratelane Kabid Warisan Budaya Adat Tradisi Dinas Kebudayaan Kulon Progo Sadikan SPd MPd marang Sempulur.

Pembinaan lan *pendampingan* marang desa budaya, rintisan desa budaya lan kanthong budaya dipungkasi kanthi gelar potensi. Gelar potensi iku minangka wujud evaluasi program kerja saengga bisa entuk gambaran program kang wus katindakake lan program kang durung kasembadan. "Potensi budaya ing Kulon Progo sae menika saking desa budaya, rintisan desa budaya saha kanthong budaya diajab wonten *inovasi*, saged bersaing kadosta kerajinan, kuliner lan sanes-sanesipun, ingkang tundhonipun ngangkat ekonomi saha kasejahteraan masarakat mliginipun masarakat Kulon Progo saha umumipun masarakat DIY. Menapa malih Kulon Progo badhe wonten bandhara internasional NYIA, ingkang temtu kemawon pangsa pasaripun tansaya wiyar, inggih punika internasional." Sadikan SPd MPd nambahi katrangan. **(jba/smn)**

Saben Desa Bisa Dadi Desa Budaya

Pamarentah Daerah Istimewa Yogyakarta kanggo nglestarekake, pambinaan lan ngrembakake nilai-nilai budaya lokal ing tlatah D.I. Yogyakarta, mbutuhake kupiya kang strategis, ing antarane lumantar revitalisasi Desa/Kelurahan Berpotensi Budaya. Kupiya kasebut katindaskake kanti cara *terstruktur* lan *sistematis* kanthi dhasar Peraturan Gubernur DIY nomer 36 taun 2014 bab Desa Budaya. Pambinaan Desa Budaya perlu pendampingan, yaiku pendampingan tenaga teknis lan pendampingan organisasi. Sabanjure uga kanthi dhasar Keputusan gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta nomor 262/KEP/2016 tanggal 2 Desember 2016 tentang Penetapan Desa/Kelurahan Budaya kang netepake 56 Desa/Kelurahan Budaya.

Saka paugeran-paugeran kasebut, Dinas Kebudayaan ngleksanani Kegiyatan Pembinaan Desa Budaya taun 2017 ing 56 Desa/Kelurahan Budaya ingtlatah D.I. Yogyakarta kanthi gunggung 89 Tenaga Pendamping Budaya kang ditugasake 10 wulan ing Desa/Keluraha Budaya.

Masarakat umum uga perlu ngerti sajane kang bisa disebut Desa/Kelurahan Budaya iku Desa/Kelurahan kang kepiye, uga perangkat-perangkat kang bisa nyengkuyung ngrembakaning Desa/Keurahan budaya iku apa wae?. Saka paugeran-paugeran iku, bisa kajlentrehake yen Desa/Kelurahan Budaya iku desa utawa kelurahan kang ana kagiyatan *aktualisasi, mengembangkan,* lan *koservasi* maneka potensi budaya kang diduweni, kang mawujud ing adat lan tradhisi, kesenian, donlanan tradhisional, basa, sastra lan aksara, kerajinan, kuliner, pengobatan tradhisional, tata ruang, lan warisan budaya.

Dene *Tenaga Pendamping Seni Budaya Masyarakat* kang sabanjure lumrah disebut *Pendamping Budaya* yaiku minangka tenaga teknis kang ditugasake kanthi ancas bisa ningkatake kualitas kegiyatan lan karya budaya, kalebu maneka potensi budaya kang diduweni Desa/Kelurahan Budaya, kang mawujud ing adat lan tradhisi, kesenian, dolanan tradhisional, basa, sastra lan aksara, kerajinan, kuliner, pengobatan tradhisional, tata ruang, lan warisan budaya ing Desa/Kelurahan Budaya. Tenaga Pendamping Budaya iku kaangkat dening Kepala Dinas Kebudayaan D.I. Yogyakarta kanthi dhasar paugeran-paugeran kang lumaku.

Sabanjure, Tim Monitoring yaiku Tenega Profesional kanthi tugas *konsultatif* ing pengelolaan lan penyusunan program kerja, pengawasan, evaluasi lan pelaporan pelaksanaan tugas kanggo Tenaga Pendamping Budaya.

Tujuan saka program Desa/Kelurahan budaya yaiku (1) nguwatake Desa/Kelurahan Budaya minangka benteng kabudayan kanggo ngadhepi arus nilai-nilai global kang bisa nggerus budaya tradhisi; (2) ningkatake keprigelan para pengelola lan pelaku Desa/Kelurahan Budaya, saka bab intelektual, teknis, lan motivasi; (3) mangun Desa/Kelurahan Budaya minangka lembaga kabudayan kang kreatif, inovatif, produktif, lan bisa ningkatake sejahteraning masarakat; (4) kegiyatan pendhampingan diangkah bisa ningkatake kualitas sawijining aktivitas lan karya budaya ing Desa/Kelurahan Budaya; lan (5) Mujudake Desa/Kelurahan Budaya kang sejahtera lan mandhiri.

Wujuding kegiyatan ing Pembinaan lan Pengembangan Desa/Kelurahan Budaya ing taun 2018 yaiku kanthi *Pendampingan Desa/Kelurahan Budaya* lumantar *Tenaga Pendamping,* Gelar Postensi Desa Budaya, lan Fasilitasi Desa Budaya. Saben-saben Desa/Keliurahan Budaya kudu nduweni asiling budaya kang asli, ora bener yen mburu fasilitasi banjur nekakake pengrajin utawa seniman saka njaban rangkah. Saben 5 taun sepisan dianakake akredhitasi Desa/Kelurahan Budaya, kaya ngapa undhak-undhakane lan uga kanggo weh peluang desa/kelurahan liyane kang arep ngejokake dadi Desa/Keluraan Budaya. Saben desa/kelurahan bisa dadi Desa/Kelurahan Budaya yen duwe maneka potensi budaya, kang maujud ing adat lan tradhisi, kesenian, dolanan tradhisional, basa, sastra lan aksara, kerajinan, kuliner, pengobatan tradhisional, tata ruang, lan warisan budaya.**(avg)**



panggawene batik cap ***(foto-fid)***



Utusan DIY Gawe Sengsem Korea



Gubernur Gwangwon Korea Selatan silih cinderamata kalwan Wakil Gubernur DIY, Sri Paku Alam X. "Arjuna Wirajaya" (Yogya) ing Gwangwon suguhan utusan DIY gawe sengsem para pamirsane. ***(Foto-Dokumentasi Humas Pemda DIY lan Dinas Kebudayaan DIY)***

Arjuna kang hambeksa, ngleter alus wibawa, kang kawimbuh solah bawa kang rumpil, gagah, ngangsek srepeg wirasane, lan ulem alus wiraga wiramane, bisa gawe sengsem para kang mirsani ing Korea. Pamirsa saka meneka sangkane, ora mligi warga Korea. "Ajuna Jawa" kang wus memba "Arjuna Universal", tembus rakiting budaya global.

KRIDHANING para paraga seni Daerah Istimewa Yogyakarta (DIY) ing pasamuan *Pyeong Chang Winter Olympic Games 2018*, kang diadani dening anggota *East-Asia Inter-Regional Tourism Forum* (EATOF) gawe cingak lan sengseme para warga Korea, utusan-utusan negara anggota EATOF lan turis kang mriksani. Gelar seni dramatari "Arjuna Wirajaya" kagelar ing Olympic Festival Park (10 Februari), dan Art Center Gangwon (11 Februari), Gangneun Propinsi Gwangwon. Saliyane Indonesia, negara kang uga rawuh anggelar kagunan seni langen yaiku, propinsi-propinsi anggota EATOF: Siem Reap (Kamboja), Sarawak (Malaysia), Luang Prabang (Laos), Cebu (Filipina), dan Quang Ninh (Vietnam), Chiang Mai (Thailand), Jilin (China), Tottori (Jepang), Tuv (Mongolia), lan tuan rumah Gwangwon.

Rombongan utusan DIY kapangarsani dening Wakil Gubernur DIY, Sri Paku Alam X kadherekake para pendhamping lan 18 seniman. Kepala Bidang Perencanaan Dinas Kebudayaan DIY, Dwi Puji Astuti minangka pendhamping suka katerangan, kridhaning para seniman DIY gawe sengseme para kang mirsani. Sanajan nalika iku pangaribawane hawa kang banget adheme, minus 10 derajat celcius, nanging para para seni saka DIY ora mingkuh, tetap adreng mrantasi anggennya habeksa. Mula bisa ingaran jumbuh kalawan ancas tujuane pasamuan EATOF kang mugen kanggo promosi nikelake anggone tembayatan ing antarane propinsi anggotane. Patembayatan EATOF ngudi amrih reja tumataning pariwisata lan seni budaya kang tumuju marang kerta raharjaning kawula.

"Arjuna Wirajaya", karacik dening Anter Asmorotejo. Tata rakiting beksa reramu sumber paugeran baku beksa Ngayogyakarta kang wus tinata lan kagatra kalawan pengajining joget modheren utawa kontemporer. Temah "Arjuna Wirajaya" dadi lelangen beksa anyar nanging ora ninggal ugem araning beksa tradhisi. Bleger lan jati dhirining Arjuna uga kasanggit anyar, nanging isining sedya isih nyepeng parang bakuning satriya tama anggone temen ngudi marang sejatining urip tumuju marang karsaning memayu hayuning bawana. Mula, tari "Arjuna Wirajaya" dadi tarian anyar kang jumbuh kalawan rasa pangarsaning pamriksa kang saka ngendi bae sangkane, kena ingaran bisa dadi tontonan global, saben bangsa bisa nampa kanthi pratistis amarga komunikatif.

Dhurasi "Arjuna Wirajaya" udakara 30 menit, paraga tari lan musik pengiring cacah 18 seniman. Kagarap dening koreografer Anter Asmorotejo. Asisten koregrafer: Pulung Jati RM. Musik dening Sudaryanto dan panata busana Anang W Nugroho. **(pdm)**





“Kartini Mataram”, Kethoprak Klasik Tradhisi

Perkumpulan Seniman Kethoprak Mataram Yogyakarta
Wis tumapak enem taun. Babar lakon “Kartini Mataram”.
ing Gedung Societ Taman Budaya Yogyakarta.
Jumat, 16 Maret 2018.
Penulis Lakon/Sutradara: Widayat.

TRADHISI klasik Mataraman, asring kanggo ngrengga langen beksa adiluhung, bedhaya, srimpi, beksan, wayang wong. Banjur uga sumrambah marang seni golek putri, langendriya, langen mandrawanara, lan beksan-beksan liya-liyane. Kepara kaanggep tradhisi klasik Mataraman iku winates winengku dening para satriya luhur trahing kusuma lan prajurit Kraton. Kasunyatan, tradhisi klasik Mataram uga mengku patrap sanggit langen kang tuwuh saka masarakat, tradhisi rakyat kawula lumrah. Wayang Topeng Pedhalangan apadene sandiwara Kethoprak duwe pangaribawa “tradhisi klasik Mataraman”, tan prabeda kaya kang dumadi ing bedhaya-srimpi-wayang wong. Malah, kepara luwih sumebar lan awet tutug niti ombyaking jaman ing sadengah papan.

Kethoprak Mataram (1935) tumekane saiki isih dadi punjer paugeran bakuning lampah pangecaking langen kethoprak, mligine kethoprak tradhisi konvesional kang kaprah ingaran kethoprak klasik. Ora winates ing panggung lan pendhapan, nanging uga kang kagiyarake ing radhio siaran lan rekaman suwara. Sanajan tansah kalarasake karo ombyaking kahanan lan ngenut selera pamirsane, nanging Kethoprak Klasik Mataraman, isih cetha banget katon winengku jangkeping paramasastra Jawa, kalebu unggah -ungguh subasita trapsilaning patrap tumindak kang kena pangaribawane basal an susastra Jawa. Tembung lan ukarane ngenut marang paugeran bausastra, wirama pangucape jumbuh kalawan kalenggahan lan wateging lakon. Mula, rasa basa lan rasa maknane genep, jangkep, lan paripurna. Tradhisi Kethoprak Klasik Mataraman, gegulang lan gegelang marang pamardining basa Jawa. Bisa dadi sumber kang padha sinau basa lan budaya Jawa.





Tradhisi Kethoprak Klasik Mataram, tuwuh saka pamardining rakyat pradesan (1890), banjur kabesut dening para winasis engga dumadi anane Kethoprak Pendhapan (1909). Saka panggulawenthahing para paraga lan padhemen banjur sumebar kethoprak kang katonton ing plataran omah, pendhapa, kelilingan (barangan), ongkek nganti anane kethoprak panggung kang kawimbuh iringan gemelan karawitan (1927). Ngrembaka grup-grup kethoprak kang saya tuwuh gawe rumpakane ugem tata cara pangunggahing langen kethoprak. Sumber crita lakone saya pepak, pangrenggane busana saya moncer, teknik adhegan nyecep cakcakanipun sandiwara modheren saking manca (China-Eropa), iringan karawitan saya muyeg. Sareng kaliyan wontenipun kethoprak kang kabiwara miyos giyaran radhio (MAVRO, 1935) sareng kaliyan langen dhagelan, (Barisan Kuping Hitam, 1935, Togen-Bekele Tembong) lajeng dipunsebat Dhagelan Mataram, kethoprak Kridha Raharja (Cokrojiyo, MAVRO, 1935) ugi lanjeng dipungatra dados Kethoprak Mataram. Dumugi jaman samenika, ugem bab kethoprak Mataram taksih dipunagem damel pangrenggane seni drama kethoprak. Sanajan inggih ngrembaka kethoprak kang kaudi dening para mudha, kados kethoptak garapan, kethoprak kontemporer, kethoprak humor, kethoprak plesetan lan liya liyane, nanging ugem kethoprak klasik Mataraman tumekan saiki tetep kaagem lan sansaya ngatonake pigunane tumrap masarakat pamirsane.

Tradhisi Klasik Kethoprak Mataram isih katon kenthel lan bisa kanggo patuladhan garap kethoprak klasik Mataraman, yaiku nalika Perkumpulan Seniman Kethoprak Mataram gelar kethoprak lakon "Srikandhi Mataram". Lakon klasik jaman Sultan Agung ing Mataram nalika ngrabasa "brang wetan", mliginipun Kadipaten Malang – Jember – Banyuwangi. Lakon kondhang ing panggung kethoprak, Panji Pulang Jiwa lan Tawang Alun sampun kawentar. Ugi kasebat ing *Babad Malang*, sanesipun ing *Babad Mataram*. Mesthi bae, amarga lakone "Srikandhi Mataram" mula kembange lakon miturut pamengku panemune wong Mataram. Nanging, rasa batine wong Malang – Jember – Banyuwangi (brang wetan) uga krasa kaunggah ing pergelaran ing Gedung Societ TBY.

Tari "Golek Ayun-ayun" lan Beksan "Klana Topeng" dening paraga saka SMKI Yogyakarta kaaturake minangka pasugatan kawitan. Paring sabda pangandikan Sekretaris Daerah, Ir. Gatot Saptadi kang kawaosake Wakil Kepala Dinas Kebudayaan DIY, Singgih Raharja pratandha kawigatene Pemda DIY tumrap Perkumpulan Seniman Kethoprak Mataram pimpinan Widayat. Banjur kapagas tumpeng ambal warsa dening Singgih Raharja, kaparingane Widayat kang banjur kaparingake paraga anem anggota perkumpulan. Bareng kethoprak wis kawiwitan, katon banget pangajine tontonan kethoprak kang katindakake dening para seniman kang mugen lan buntas ing paugeran seni kethoprak. Basa, unggah ungguh, solah bawa, pangucap, wirama basa, tembang, gendhing, keprak, busana, lan ulat pasemoning laku gawe sengsem, nges, tur ngangeni lan numani. Apa maneh kasisipi dhagelan Novi, Srundeng, Marwoto, Kirun, lan Titik kang gawe gumyaking tontonan. Perkumpulan uga caos tandha sih kagem seniman kethoprak sepuh cacah telu, yaiku Ign Wahono, Mukiyar, lan Sujilah. Paragane ora mung para sepuh, nanging akeh wiranem kang uga kadhawuhan dadi paraga. Pagelaran iki kasengkuyung dening Dinas Kebudayaan DIY, SMK N 1 Kasihan, Paguyuban Muda Kethoprak Gunungkidul, pengrawit senior, lan seniman seniwati tradhisi. Gedhung Societ TBY tumplek penonton tuwa lanang wadon, remaja mahasiswa, anak bocah-bocah. Pepak. Perkumpulan Seniman Kethoprak Mataram, benteng kethoprak Mataram. **(pdm)**

(foto-dok. PSKM Yogyakarta)





Lumintu lir Gumantining Jaman



Drs Untung Waluya Kepala Dinas Kebudayaan Kabupaten Kulon Progo ***(foto-smn)***

DRS. Untung Waluya Kepala Dinas Kebudayaan Kabupaten Kulon Progo marang *Sempulur* ngandharake babagan implementasi jiwa semangat kemataraman. Wanwicara dening reporter Sempulur, Sumarno mapan ing kantor Dinas Kebudayaan Kulon Progo.

Wonten ing pundi-pundi papan, asring pun ngendikakaken jiwa semangat kemataraman. Sejatosipun menapa jiwa semangat kemataraman menika ?

Jiwa semangat kemataraman menika wujud implementasi saking semangat keistimewaan DIY. Cekakipun, kanthi tembung celathu saha laku. Celathu, wonten pranatan saha paugeran jiwa kemataraman, kanthi tembung, unggah-ungguh, tata krama saha budi pekerti. Wonten paribasan ajining dhiri menika gumantung saking lathi, ajining raga gumantung saking busana, saha ajining jiwa saking tumindak. Dene laku, lakuning piyantun Jawi menika semeleh, ngrajeni ing sesami-sami, toleransi, gotong royong, saha sapiturutipun.

Jiwa semangat kemataraman ingkang kados pundi ingkang kedah dipun-gethoktularaken wonten masarakat ?

Sepisan, para priyagung Tanah Jawi mliginipun Kasultanan Ngayogyakarta Hadiningrat menika sami remen nindakake prihatin. Prihatin mboten namung puntegesi pasa utawi nenepi kemawon, ananging prihatin meper hawa nepsu. Kaping kalih, sami remen jemparingan. Jemparingan ugi mboten namung mligi kridha manah kemawon, ananging mbenthang gendhewa, manthengaken kekajengan supados ancas tujuan saged kasembadan. Mbenthang gendhewa menika kedah tatag, tanggon, titis saha trengginas. Dene mantheng kekajengan menika wutuhing manah. Lajeng ingkang kaping tiga, mat sinamatan, seneng tetulung dhumateng liyan, pramila wonten tembung ngulandara.

Kahanan jaman samenika?

Jaman samenika ukuranipun sampun angka-angka, sedaya dipunukur kanthi materi. Ingkang gayutan kaliyan nilai-nilai kados ingkang kula aturaken kala wau, kathah ingkang sampun mboten dipunlampahi.

Jaman rumiyin kados pundi para winasis sami paring wulang wuruk jiwa semangat kemataraman satengahing masarakat?

Jaman rumiyin para winasis mboten wonten ingkang ngendika, “Sesuk kowe kudu ngene”. Sedaya piwulang ngangge pralambang saha pralampita, tutur kawedhar ugi tutur tinular.

Ingkang saged dipunlampahi kangge paring piwulang jiwa semangat kemataraman wonten jaman samenika?

Samenika kedah dipunserat. Supados piwulang agung kasebut saged dipunwucalaken dhumateng generasi penerus. Saengga bebrayan agung masarakat Ngayogyakarta Hadiningrat nggadhahi harga dhiri, jati dhiri, karakter, saha mandhiri. Saged dados tiyang wasis, waskita, wicaksana, wibawa saha waluya.

Wondene tata nilai menika menapa?

Tata nilai menika sawijining pranatan wonten Tanah Jawi ingkang gampil dipunwaos, dipuneling-eling saha dipunlampahi.

Jlentrehipun?

Umpaminipun, Hamemayu Hayuning Bawana. Menika wiyar sanget maknanipun, kawit hamemayu hayuning sarira (angga pribadhi), hamemayu hayuning keluwarga, tangga, sata (kewan), wana, tirta, samodra, arga, saha sapanunggalanipun. Njagi keselarasan gesangipun manungsa kaliyan alam semesta. Salajengipun Mulat Sarira Hanggrasawani, sasampunipun mangertos pranatan kala wau lajeng dipunlampahi saha hangrungkebi (dipunbelani). Saha Sangkan Paraning Dumadi, mangertos kula niki sinten, wiwitanipun saking pundi, samenika wonten pundi saha salajengipun badhe tumuju pundi.

Program Dinas Kebudayaan Kabupaten Kulon Progo kangge mangun karakter jiwa kemataraman?

Dinas Kebudayaan Kulon Progo pados methodhe ingkang paling gampil dipuntampi lare-lare, salah setunggalipun liwat pendhidhikan. Ing antawisipun, Langen Carita. Langen carita menika proses pembelajaran kanthi tembang saha tembung ingkang ancasipun kangge pembentukan karakter. Lajeng wonten program Libur Uwur-Uwur, Jemparingan, Macapat, Geguritan, ugi Seni Budaya. Seni budaya mboten namung punmaknani winates tontonan kemawon ananging ugi tuntunan. Lajeng wulan Maret 2018 menika, lare-lare badhe dipunajak sumerep anggenipun damel candhi, inggih punika wonten Candi Kedulan. Dene Dinas Kebudayaan DIY piyambak wonten program Pawiyatan Basa Jawi, salah setunggalipun ingkang dipunadani wonten desa budaya Tuksono, Sentolo, Kulon Progo. **(smn)**

KANGGO NJAGA LAN NGREMBAKAKAKE KABUDAYAN

Pagelaran Wayang Bisa Dadi Sarana

KI EDI SUWONDO

SENI pedhalangan utawa pagelaran wayang kulit mujudake seni tradhisional adiluhung kang ngemu pititur luhur, lumantar tontonan, tuntunan lan tatanan. Malah kepara UNESCO minangka bebadan internasional kang ngembani babagan kabudayan wis netapake wayang kulit Indonesia (Jawa) dadi Karya Agung Budaya Dunia utawa *Masterpiece of the Oral and Intangible Heritage of Humanity*, rikala 21 April 2004.

Minangka salah sawijine seni agung kang adiluhung, pagelaran wayang kulit mujudake sarana pamulangan utawa pawiyatan kanggo mekarake karakter luhur tumrap bangsa Indonesia. Kagambarake sajroning pakeliran, urip lan panguripan ing alam donya iki diatur dening Gusti Kang Maha Agung. Manungsa mung saderma ndherek lan nglakoni pepesthen kang wis ginaris. Sanajan mangkono, sajroning pagelaran wayang kulit uga diandharake menawa manungsa uga wajib lan duwe hak mbudidaya amrih uripe bisa raharja lan mulya.

Rikala Seminar Wayang kanggo mengeti Hari Wayang Dunia 2017 kang diadani Dinas Kebudayaan DIY, uga diandharake menawa pagelaran wayang satemene ngemu piwulang luhur. Undang Undang Nomer 13 Taun 2012 tentang Keistimewaan Daerah Istimewa Yogyakarta lan Peraturan Daerah Istimewa (Perdais) Nomer 3 Tahun 2017 tentang Pemeliharaan dan Pengembangan Kebudayaan di DIY mujudake aturan negara kang trep karo babagan kabudayan ing DIY wektu iki.

Menawa dithinthingi, amanat Perdais Nomor 3 Tahun 2107 kasebut satemene trep lan laras klawan Anggaran Dasar dan Anggaran Rumah Tangga (AD ART) Persatuan Pedalangan Indonesia (Pepadi). Akeh pasal ing Perdais iku kang intine padha karo pasal-pasal sajroning AD ART Pepadi. Kasunyatan kasebut mujudake pangerten menawa satemene pagelaran wayang kulit bisa dadi sarana nindakake kupiya njaga lan ngrembakakake (pemeliharaan dan pengembangan) kabudayan ing DIY.

Ing ngisor iki pasal-pasal sajroning AD ART Pepadi kang laras karo Perdais Nomor 3 Tahun 2017 kanggo landhasan pamitran ing antarane Pemerintah Daerah Daerah Istimewa Yogyakarta lumantar Dinas Kebudayaan DIY lan Pepadi DIY beberengan njaga lan ngrembakakake kabudayan ing DIY:

AD-ART Pepadi:

Persatuan Pedalangan Indonesia (Pepadi) adalah organisasi seni pedalangan yang anggotanya terdiri para dalang, pengrawit, swarawati, perajin wayang, dan perorangan yang dalam kapasitas tertentu dapat menjadi anggota.
Pepadi berdiri 14 April 1971, ditandai surya sengkala Dhalang Ngumandhang



Ki Edi Suwondo (foto dhokumentasi)

Aruming Budaya. Selain berarti angka tahun berdiri, surya sengkala tersebut juga mengandung tekad Pepadi untuk melestarikan dan mengembangkan seni pedalangan yang indah dan luhur, de3mi keagungan budaya bangsa.
Pepadi bersifat independen (tidak bernaung di bawah atau berafiliasi pada organisasi politik maupun organisasi massa tertentu), serta professional (punya kemampuan atas dasar keahlian).
Tujuan Pepadi:
menggali, melestarikan, membina, dan mengembangkan seni pedalangan dalam arti seluas-luasnya,
meningkatkan apresiasi masarakat terhadap seni pedalangan sebagai sarana pembinaan watak dan budi pekerti luhur,
meningkatkan kualitas seniman serta pedalangan, dan
meningkatkan kesejahteraan anggota.
Tempat kedudukan Pepadi:
Pepadi Pusat di ibukota Negara Republik Indonesia, dipimpin oleh Pengurus Pepadi Pusat,
Pepadi Provinsi di ibukota provinsi, dipimpin oleh Pengurus Pepadi Provinsi,
Pepadi Kabupaten/Kota di ibukota Kabupaton/Kota, dipimpin oleh Pengurus Pepadi Kabupaten/Kota.

Perdais Nomor 3 Tahun 2017
Pasal 3
Pengaturan Pemeliharaan dan Pengembangan Kebudayaan bertujuan untuk:
menguatkan karakter dan jatidiri masarakat,
mewujudkan pemeliharaan nilai-nilai budaya DIY dalam kehidupan masarakat, lembaga, dan pemerintah,
mengembangkan kebudayaan DIY untuk meningkatkan ketahanan budaya dan kontribusi budaya DIY di tengah peradaban dunia,
mewujudkan pemerataan akses aktivitas kebudayaan dan peningkatan apresiasi seni dan kreativitas karya budaya, dan
meningkatkan kesejahteraan masarakat.

Pasal 5 (1)
Objek kebudayaan meliputi:
nilai-nilai budaya,
pengetahuan dan teknologi,
bahasa,
adat istiadat,
tradisi luhur,
benda, dan
seni.

Pasal 5 ayat (7)
Seni sebagaimana dimaksud Pasal 5 ayat (1) huruf g memiliki jenis antara lain:
seni pertunjukan,
seni rupa,
seni sastra,
film,
seni musik, dan
seni media.

Pasal 10
Pemeliharaan objek kebudayaan diselenggarakan melalui:
pemberian legalitas, dan
pelindungan.

Pasal 16 (1):
Pengembangan objek kebudayaan meliputi:
penguatan dan/atau
pemanfaatan.

Aturan-aturan sajroning Perdais 3/2017 lan AD Pepadi iku wis cetha menawa ancase pokok pemeliharaan lan pengembangan kabudayan satemene kanggo ningkatake kesejahteraan masarakat. Mligine Pepadi, kesejahteraan ora mung katujokake marang anggotane Pepadi nanging uga masarakat sakiwa-tengene. Malah kepara Pepadi ora mung duwe tanggung jawab marang para dhalang, nanging uga marang wiyaga, waranggana, perajin wayang, lan perajin gamelan.

Jumbuh klawan konsep Jogja untuk Jogja, AD ART Pepadi wis paring amanat supaya Pepadi nindakake kridha amrih seni pedhalangan utawa pagelaran wayang (kulit, golek, lan jinis wayang liyane) bisa lestari lan ngrembaka, mligine Pedhalangan Gagrak Ngayogyakarta. Magayutan tanggung jawab iki, Pepadi DIY saliyane duwe anggota sing cacahe ewon, uga duwe tanggung jawab marang sanggar-sanggar pedhalangan lan sanggar-sanggar karawitan kang cacahe ewon, sumebar ing tlatah DIY.

Minangka sarana mujudake konsep Jogja untuk Indonesia, seni pedhalangan gagrak Ngayogyakarta wektu iki wis sumebar ing sadhengah wilayah Nuswantara. Para dhalang saka Ngayogyakarta uga asring kadhawuhan ndhalang ana njaban Ngayogyakarta lan njaban tlatah Jawa. Saben taun, Dinas Kebudayaan DIY uga paring dhawuh Pepadi DIY supaya makarya sesarengan nindakake lomba utawa festival dhalang ing tataran dhaerah lan nasional.

Magayutan konsep Jogja untuk Dunia, kejaba wayang kulit wis ditetepake dadi Karya Agung Budaya Dunia, wektu iki akeh dhalang saka tlatah Ngayogyakarta nindakake cak-cakan seni pedhalangan ing mancanegara. Uga ana dhalang kang kasuwun dadi narasumber pedhalangan apadene karawitan gagrak Ngayogyakarta ing sanggar-sanggar utawa pawiyatan ing mancanegara.

Andharan-andharan iku mujadake conto menawa seni pedhalangan utawa pagelaran wayang pancen bisa dadi sarana njaga lan ngembakakake kabudayan ing Ngayogya, Indonesia, lan Donya. **(jba)**

Kaandharake Ketua Pepadi DIY Ki Edi Suwondo marang Sempulur, Kemis Pon 22 Pebruari 2018



Pameran wayang JIHF-Wayang 2017 ing gedung x-koni Sonobudoyo ***(foto-fid)***

Paribasan Bugis lan Jawa

IMAN BUDHI SANTOSA



Imam Budhi Santoso ***(foto-dok. Disbud)***

ONCEK-ONCEK ngengingi kabudayan Jawa ingkang kagarap dening kalangan akademisi, budhayawan lan sastrawan Jawa kepetang sampun anjrah. Saben kalawarti basa Jawa ugi buku ingkang kababar dening dinas instansi pamarentah ing DIY, Jawa Tengah, lan Jawa Wetan, kathah ingkang sampun ngemot seratan makaten.

Ngemuti gesangipun tiyang Jawa ing Indonesia mboten piyambakan, pramila ing kalodhangan menika sumangga kula panjenengan sami nyobi ngonceki kabudayan Jawa katandhingaken kaliyan kabudayan suku bangsa sanes ingkang sampun dados sanak-kadang lan tanggi-tepalih ing Nuswantara. Kanthi pangangkah, lumantar oncek-oncek menika saged puntlusuri menapa wonten raos batin, adat kabudayan, tumindak lan tata-krami ingkang meh sami antawis suka bangsa setunggal lan setunggalipun.

Kagem seserepan sawatawis sumangga ninthingi sekedhap kabudayan Bugis (Sulawesi Kidul) lan kabudayan Jawa lumantar paribasanipun. Contonipun, ing masarakat Bugis wonten unen-unen (paribasan) ingkang ungelipun makaten:

1. **Aja mumatebek ada, apak iyatu adae maega bettawanna. Muatutuiwi lilamu, apak iya lilae pawere-were.** Dene suraosipun, aja kakehan omong (micara, caturan), jalaran wicara kuwi akeh tegese. Jaganen ilatmu, jalaran ilat kuwi landhep lan bisa ngiris (gawe tatu). Unen-unen menika ngemu pepenget, bilih sadhengah tiyang kedah pinter-pinter njagi raosipun tiyang sanes lumantar basa lan pocapan ingkang kaweca saking lesanipun. Awit menawi kirang trep anggenipun ngrakit basa lan pangucap saged nuwuhaken dredah ingkang mboten kanyana-nyana.
2. **Cappakna lebbi adaé lolongeng ja nennia atunang.** Suraosipun, aja seneng nambah-nambahi omongan utawa caturan, awit bisa nuwuhake panganggep ala lan ina tumrap sing kawogan. Unen-unen menika ngemutaken menawi rembagan kaliyan sok sintena sampun dipun tambah-tambahi saengga kraos yen ngemu apus-apus. Kenging menapa makaten, jaragan tiyang ingkang asring (kulina) nambah-nambahi rembag umumipun lajeng mboten kapercados malih wicaranipun awit kathah anggenipun dora.

Gegayutan kaliyan paribasan Bugis ing nginggil, ing tanah Jawa ugi wonten unen-unen ingkang suraos lan filosofinipun memper sanget kaliyan paribasan wau.

1. **Aja ngomong waton, nanging ngomonga nganggo waton.** Suraosipun, yen ngomong aja mung waton ngomong, nanging ngomonga nganggo wewaton utawa pathokan (landhesan) sing cetha. Paribasan menika ngemutaken supados menawi rerembagan sampun ngayawara, nanging kedah mawi pakem utawi landhesan ingkang gumathok. Mawi tata-krami ingkang sae, undha-usuking basa jangkep, lan cetha underanipun murih mboten nuwuhaken klentu panampi tumrap ingkang punajak rembagan.
2. **Ajining dhiri dumunung ing lathi, ajining raga saka busana.** Suraosipun, pribadine manungsa diajeni apa ora gumantung saka pocapane, dene sepira ajine raga (awak) ditemtokake saka penganggone. Pepeling murih ngatos-atos menawi wawan rembag kaliyan sok sintena (tiyang sanes), jalaran pocapan ingkang kawedal badhe pungega dening tiyang kathah lan saged dados pathokan ngukur kapribadenipun ingkang kawogan. Dene ingkang magepokan kaliyan pantes, jangkep lan endahing busana (pangagem ingkang kasat mripat) dados paugeran sepinten anggenipun ngajeni raganipun piyambak saengga tiyang sanes ugi purun ngajeni kanthi samurwat ing satengahing pasamuwan.

Saking oncek-oncek cekak sekawan paribasan ing nginggil, kawistara sanget menawi tiyang Bugis lan tiyang Jawa nggadhahi filosofi, patrap tumindak, lan pranatan kabudayan (gesang) meh sami. Mliginipun ing babagan basa, pocapan, tata-krami, lan silaturahmi (komunikasi) ing masarakat. Dene dhimensi ingkang meh sami wau menawi kapilah-pilah saged dados gangsal perangan, lan menawi wonten kirangipun sumangga para maos nambahi pyambak.

Tiyang Bugis lan tiyang Jawa pranyata nggadahi raos ingkang alus. Pramila nalika nglampahi sesambetan gesang ing

masarakat tansah ngugemi patrap tumindak saha pocapan ingkang mranani, kebak tata-krami. Kanthi makaten saged sami-sami njagi raos manahipun tiyang sanes lan nebihaken klenta-klentuning pamanggih. Jalaran patrap-pocapan ingkang sengaja utawi mboten sengaja nilar subasita saged dados bibit-kawiting padudon lan pecahing pasedherekan.


Tiyang Bugis lan tiyang Jawa pitados bilih rembagan kaliyan tiyang sanes mboten kenging "glenyengan". Menapa malih dipun tambah-tambahi tanpa landhesan gumathok, saengga ngemu apus-apus. Sinten kemawon menawi remen tumindak makaten, rembagipun mboten badhe punpitados malih dening tiyang sanes jalaran wicaranipun cengkah kaliyan kanyatan.

Tiyang Bugis lan tiyang Jawa sanget njagi basa, pocapan, lan tumindakipun, supados ajining dhiri pribadi mboten risak. Awit saking sisib-sembiring basa, pocapan, lan laku-tumindak ingkang kirang mranani ing masarakat, ingkang kawogan saged mboten punajeni malih dening tiyang kathah.

Tiyang Bugis lan tiyang Jawa ketingal sanget anggenipun mbudidaya nebihi dredah lan pasulayan kaliyan tanggi-tepalih tuwin sanak-kadang ing masarakatipun. Menapa malih asal-usulipun pasulayan kadhang namung saking perkawis sepele, saged ugi jalaran lepat micara lan ngginakaken basa kemawon. Lajeng kenging menapa dredah lan pasulayan puntebihi, jalaran menawi sampun kalampah temtu badhe damel wisuna, lan piawon tumrap ing akathah.

Tiyang Bugis lan tiyang Jawa sami-sami gadhah pamanggih bilih gesang ing masarakat mboten saged uwal saking tiyang sanes. Pramila sadhengah tiyang kedah purun nglampahi jagi-jinagi murih lestarining patembayatan. Paribasan ing nginggil njlentrehaken kadospundi ngginakaken basa, pocapan, lan tumindak ingkang trep nalika nglampahi silaturahmi kaliyan sok sintena kemawon selamining gesang ing alam donya.

***



Pungkasing atur, oncek-oncek menika uga caos pangajab sekedhik, mugi sanak-kadang wiwit kersa mbikak wawasan kabudayan dumugi tlatah sakiwa-tengenipun tanah Jawi. Kadosdene kabudayan Sunda, Madura, Bali, Toraja, Dayak, Lampung, Minang, Aceh, Batak, Maluku, Papua, lan sanesipun. Awit kangge nyengkuyung adeging NKRI punbetahaken sanget patembayatan ingkang lestari lan dumugi ing manah antawis suku-bangsa sa-Indonesia. Dene salah setunggaling cara ngraketaken patembayatan wau kanthi nyinaoni lumantar paribasanipun saengga mangertos kadospundi underaning tatanan kabudayan suku-suku bangsa ing Nuswantara menika. Saengga tembung pamilah "aku-kowe" saged punicali, gantos kaliyan "kita-sami"

Iman Budhi Santosa, penyusun buku *Peribahasa Nusantara, Mata Air Kearifan Bangsa* (2106)

PENGETAN HADEGING KADIPATEN PAKUALAMAN

Kagelar Beksan Inum lan Beksan Golek Putri



KGPAA Paku Alam X paring pangarem-arem marang para juara lomba macapat Pengetan Hadeging Kadipaten Pakualaman ***(foto-dokumentasi)***



Beksan Inum, kagelar ing Pengetan Hadeging Kadipaten Pakualaman. ***(foto-dokumentasi)***

PENGETAN Hadeging Kadipaten Pakualaman kaping 212 tahun (Jawa) kagelar ing Bangsal Sewatama Pura Pakualaman, Selasa Paing 27 Pebruari 2018. Rawuh ing pahargyan iki; KGPAA Paku Alam X, KGBRAy Pakul Alam, para krabat lan tamu undhangan. Pahargyan kabuka kanthi panembrama lan tembang macapat.

Sawise pambuka, KGPAA ora paring pangandikan nanging langsung pasugatan Beksan Imun lan Beksan Golek Puri Kusuma Asri. Sajroning pahargyan, KGPAA Paku Alam uga maringake pengarem-arem marang para jawara kang kasil menangake lomba ngripta tembang macapat.

Beksan Inum narik kawigaten para tamu, jalaran satengahing beksan kaseling adhegan *toast* ing antarane para tari karo tamu apadene tamu lan tamu. Kabeh paragane tari priya, kanthi gerak gagah lan rampak. Miturut Prof Hermin Kusmayati, Beksan Inum karipta dening KGPAA Paku Alam IV rikala jumeneng, taun 1864-1878. Beksa Inum iku nggambarake anane pengaruh budaya Eropa lan budaya Jawa, mligine budaya Kadipaten.

"Sanajan klebon pengaruh budaya Eropa, KGPAAPaku Alam IV tetep wicaksana anggone ngripta Beksan Inum, jalaran pengaruh budaya Eropa ora nganti nglunturake etika lan estetika budaya Kadipaten, saengga Beksan Inum tetep adiluhung," panandhese Prof Hermin.

Beksan Golek Putri Kusuma Asri, manut ngendikane Prof Hermin, rinipta rikala KGPA VIII jumeneng, taun 1938-1998. Paragane beksan kasebut kabeh putri, nggambarake swasana gumbira, kanthi gerak beksan kang endah lan luwes. **(jba)**

PAGUYUBAN MACAPAT PAMBOJA DEMANGREJO

Mbabar Sejarah Madege Kulon Progo



Macapatan Paguyuban Pamboja Demangrejo bebarengan karawitan Kinarya Laras **(foto-smn)**

PAGUYUBAN Pametri Budaya Jawa (Pamboja) Demangrejo salah sawijine paguyuban macapat ing tlatah Kulon Progo, kang tekan titi wanci iki isih ajeg gladhen lan atur pasugatan mirunggan marang masarakat sutresnane. Paguyuban kang madeg rikala wulan Juni 2005 iku durung suwe iki ngadani macapatan bebarengan grup karawitan "Kinarya Laras" mapan ing bale desa Demangrejo, Sentolo Kulon Progo kanthi mbabar sujarah madege Kabupaten Kulon Progo.

"Pamboja ajeg ngawontenaken gladhen saben malem Kemis minggu sepisan saben wulanipun, mapan wonten dalemipun Pak Adi Karyono Demangan Demangrejo, dene gladhen karawitan Kinarya Laras saben malem Setu saben wulanipun mapan wonten dalemipun Pak Haji Sunaryo, Belik Demangrejo." andharane sesepuh Pamboja Ki Ismo Wiyono marang Sempulur.

Kajaba anggota Pamboja lan masarakat Demangrejo, acara bengi iku uga dirawuhi kepala desa Demangrejo Gunawan saha anggota paguyuban macapat Anggara Kasih Nanggulan lan anggota paguyuban macapat Mekar Asih Bendungan Wates. Ing kalodhangan kasebut, Nisa lan Satria siswa-siswi SD Muh Demangrejo kridha nembang sangarepe para tamu. "Tembang macapat menika luwes, mboten namung kangge para sepuh kemawon, ananging ugi saged dipunsinau lare-lare, saged kangge tepa palupi wonten panggesangan saben dintenipun." pratelane Ki Ismo Wiyono mungkasi wawan rembug. **(smn)**

BUDAYA TIONGHOA ING NGAYOGYAKARTA KAGELAR

Sebutan ‘Kota Tolerans’ Tambah Kukuh



Sri Sultan Hamengku Buwono X poto bareng Juara I Jogja Dragon Festival VII tahun 2018. ***(foto-dokumentasi)***

WARGA Tionghoa kang mapan ing tlatah Ngayogyakarta nggelar Pekan Budaya Tionghoa Yogyakarta (PPTY) XIII, 24 Februari tekan 2 Maret 2018 mapan ing Kampung Ketandan. Koordinator Umum PBTY XIII, Bekti Saputra ngandharake, pekan budaya iki ora mung kanggo warga Tionghoa nanging kanggo kabeh warga kang mapan ing Ngayogyakarta sakiwa-tengene. Ora mung penonton, nanging para panitia uga ngrengkuh kabeh warga.

Pasugatan seni budaya sajroning PBTY uga orang mung saka etnis China nanging saka kabeh etnis, mligine saka warga Ngayogyakarta sakiwa-tengene. “Ing kene ora mung kagelar seni Barongsai lan Liong nanging uga seni tari klasik lan seni tradhisi saka wilayah Ngayogyakarta,” panandhese Bekti Saputra.

Ketua Umum PBTY XIII, Tri Kirana Muslidatun uga ngandharake, PBTY kang wis lumaku 13 taun ini wis dadi duweke kabeh masarakat, tanpa *pandang bulu*. Kabeh diwenehi kalodhangan, bebarengan nyengkuyung lumakune PBTY. Tri Kirana ngaku mongkok jalaran karnaval, pembukaan lan kabeh kridha sajroning PBTY XIII tansah kasengkuyung masarakat saka mapirang-pirang papan lan strata sosial.

Jumbuh karo tema Harmoni Budaya Nusantara, maneka ragam budaya kagelar sajroning PBTY XIII. Saliyane seni budaya saka DIY, uga saka Jawa Tengah, Banten, Sulawesi lan Sumatra. Kagelar uga Jogja Dragon Festival VII kang ngasilake grup saka Banten dadi Juara I.

Nalika mbukak resmi PPTY XIII, Gubernur DIY Sri Sultan Hamengku Buwono X ngendika, PBTY XIII ora mung ngangkat seni budaya nanging uga ekonomi rakyat, mligine tumrap Usaha Kecil dan Menengah (UKM). PBTY XIII iki uga bisa dimanpaatake kanggo ngleremake pikir sing buneg, lan sawetara ngadoh saka *hiruk pikuk politik* sing kerep kaseling *hoax*.

Miturut Sri Sultan, PBTY mujudake pisungsun nyata warga Tionghoa kanggo nguatake Ngayogyakarta minangka Kota Tolerans utawa The City of Tolerance. Kanthi anane PBTY, sebutan Ngayogyakarta ‘Kota Tolerans’ diajab dadi tambah kukuh. Apa doh saka panggawe ala kang bisa ngrusak citra Kutha Ngyogyakarta. Sabanjure warga Tionghoa uga kasuwun melu ngentasake warga miskin ing Ngayogyakarta.

Kanthi cara mangkono, akulturasi budaya Tionghoa lan budaya Jawa kang wis lumaku 13 taun lumantar PBTY, kaajab bisa tambah raket. Kanthi pangucap lan tingkah laku kang tambah caket, kaajab warga Jawa lan Tionghoa uga dadi tambah rumaket. **(jba)**

Salah sjine komposisi liong Juara I Jogja Dragon Festival VII tahun 2018. ***(foto-dhokumentasi)***

Wayang Rakyat

ALMANAK Jawi terbitan Kolff Buning (taun 1860-an) lan majalah *Kajawen* (1920-1942) terbitan Balai Pustaka ing jaman Hindia Belanda kerep ngemot gambar lan crita wayang. Ing *Almanak Jawi* umume kerep ditemokake crita lan gambar wayang sing dicetak kanthi dikelir *(berwarna)* arepa ukurane mung cilik (15 cm x 10 cm). Senadyan mung cilik ukurane, nanging gambar iki mau duwe daya gedhe. Awit yen gambar iki ora dikelir para maos utawa pelanggane padha gela. Imajinasine para maos mau bakal rinasa binantu dening anane gambar wayang mau.

Ing jaman kuwi mesthi bae teknologi cetak durung maju kaya jaman saiki. Dene percetakan sing nggunakake teknik cetak warna uga isih kena diitung nganggo driji. Kepara majala-majalah Belanda ing jaman semana, kayata *de Orient* wae isih dicetak ireng-putih. Bab iki nuduhake menawa crita lan gambar wayang kasebut minangka rubrik utawa isi sing wigati lan diarep-arep dening para maos utawa pelanggane. Mula saka kuwi penerbit mbudidaya supaya bab wayang lan gambare iki mau tetep bisa njedhul utawa kaemot ing penerbitane. Awit penerbit suthik kelangan pelanggane.

Kena disebutake menawa 90 persen gambar wayang ing penerbitan-



Wayang saka manuskrip Pawukon Yogyakarta Taun 1900, Wuku Manahil **(foto-abs)**



Petruk, Gareng, Semar, Bambang Irawan, Begawan Abiyasa, lan Cantrik **(foto-abs)**

penerbitan kuwi mau ora tinemu sapa asma juru gambare alias anonim. Semonoa ana siji loro sing kersa nulisake asmane ing karyane, kayata Surawi sing asmane tinulis ing gambar-gambar wayang ing buku-buku terbitane *Kolff Buning* sarta R Sulandri ing buku-buku terbitane Balai Pustaka.

Ya gambar-gambar sing kaya mangkono mau sing dipamerake ing Bentara Budaya Yogyakarta, 15-23 Desember 2017 kanthi tema Wayang-wayang Kertas: Wayang Rakyat. Pameran iki luwih mligi nyuguhake gambar-gambar adegan tinamtu lan jejeran/pisowanan ana ing crita wayang purwa. Udakara 70 persen adegan jejeran/pisowanan mau dijupuk saka buku Alamanak Jawi terbitan Kolff Buning. Dene adegan liyane dijupuk saka buku terbitan Balai Pustaka. Kejaba kuwi uga dipamerake wayang-wayang kertas sing disebut wayang rakyat jalaran wayang-wayang ngene iki mau senadyan gambar utawa panggawene ora sampurna kaya wayang kulit sing satemene, nanging masarakat wis ngerti lan apal temenan marang tokoh-tokoh sing digambarake. **(abs)**

Pameran Patung Rendheng



Berburu Pekik, 250 cm x 300 cm x 75 cm, Resin (Modhel Perunggu), 2015, karya Djoko Pekik ***(foto-abs)***

ING pungkasaning taun 2017, persise ing tanggal 19 Desember, dianakake pameran patung kanthi tema rendheng. Pameran ditindakake ing Plataran Djoko Pekik, Sembungan, Bangunjiwo, Kasihan Bantul. Pameran dibukak dening Rama Dr GP Sindhunata, SJ. Pameran uga dipahargya kanthi Orkes Keroncong Wani Ngalah, maca puisi, lan Tari Gambyong.

Miturut ngendikane Djoko, pameran iki minangka cara kanggo nggladhi putra-putrane sarta generasi mudha supaya bisa sinau ngiras pantes makarya, lan nodhi diri pribadi supaya sansaya kreatif lan produktif. Pameran iki digagas dening Samuel Indratma, Yuswantoro Adi, lan Bambang Herras bebarengan karo Djoko Pekik. Samuel duwe pangajab pameran patung *outdoor* iki bisa dadi acara taunan sing ajeg.

Rama Sindhunata ing pembukaan Pameran Patung Rendheng iki ngandarake menawa dheweke lan Djoko Pekik kaya dene wong babat alas maneh kaya jamane Djoko Pekik nglukis *Berburu Celeng*. Rama Sindhu duwe pangajab menawa tema rendheng iki mau bisa mahanani subure inspirasi lan kreasi saengga tuwuh anane terobosan-terobosan seni sing luwih "edan" maneh tinimbang sing wis ana. Seni ora mung kejiret dening ombyaking pasar.

Kejaba kuwi, Rama Sindhu uga ngajab Plataran Djaka Pekik bisa dadi papan kreasi lan pameran seni sing sipate nggugat sarta nduwe daya "mbledhosake" karya-karya sing pengpengan sing bisa nembus stagnasi.

Patung sing dipamerake pancen dudu patung karya anyar, nanging patung sing wis nate dipamerake ing maneka warna galeri. Semonoa ora ana tembung karya seni bekas utawa tilas. Pameran patung ing Plataran Djoko Pekik iki mujudake cara kanggo ngurmati maneh upayane para seniman ing babagan panaliten, ngolah gagasan/pikiran, waktu, beya, lan tenagane seniman marang penikmat seni sing anyar lan luwih adoh sarta amba tebane. Karya seni sing padha (sing nate dipamerake) tetep diyakini layak diapresiasi terus ana ing maneka warna kalodhangan. Kanthi mangkono, ora ana tembung bekas/tilas ing sawijining karya seni.

Dene seniman sing melu nyengkuyung kanthi mamerake karyane ing pameran Patung Rendheng iki, yaiku Win Dwi Laksono, Dunadi, Hedi Haryanto, Komroden Haro, Wahyu Santoso, Budi Ubrux, Putu Sutawijaya, Laksmi Sitaresmi, Sutopo, Nyoman Ateng Adiana, Djoko Pekik, Edi Priyanto, Nasirun, sarta karya seni studi patung ISI Yogyakarta. Pameran iki ditindakake sajrone sewulan lan bisa dinikmati sajerone 24 jam wutuh. **(abs)**

Ngudhar Kawruh "Ngetutke Rasa"

60 Taun PLT Bagong Kussudiardja



G Djaduk Ferianto *(foto-fid)*

BAKUNING rembug bab werdi wigatining kawruh "ngetutke rasa" kababar dening G Djaduk Ferianto, putra warujune swargi Bagong Kussudiardja (1928-2004), nalika pahargyan pengetan genep 60 taun yuswane Pusat Latihan Tari (PLT) Bagong Kussudiardja. PLT Bangong K, papan pamulangan beksa, mligine tari-tari kreasi baru, kang kabiwara wiwit taun 1958 lan sempulur nganti tumekan saiki. Pahargyan pengetan 60 taun PLT Bagong K kaadani dening Manajemen Padepokan Seni Bagong Kussudiardja (PSBK) ngiras pantes ngisi semuan ajeg sepisan saben wulan, aran "Jagongan Wagen", ing tengahing wulan Maret 2018 kepungkur.

"Ngetutke rasa", ngendikane Djaduk, bab kang baku tumrap Bagong Kussudiardja anggone nempuh laku kridhane ing seni lan kesenian. Kepara malah dadi cepeng lan agem mirunggan anggone nganggit utawa yasa beksa, nalika hambeksa, lan sumrambah ing laku jantraning urip bedinan. Ora winates nalika gegatra yasa beksa, nanging uga nalika manjing laku adi minangka seniman utawa paraga seni. "Saiki akeh penari kang duwe kabisan teknik joget kang becik, ampuh, lan manjila. Nanging arang kang sinartan pangolahing rasa tari, rasa seni, dumadakan pilah pisah saka rasa tari, rasa seni," ngendikane Djaduk sinambi ngatonake foto-foto dhokumentasi tari kagungane PLT Bagong K kanggo conto kupiyane swargi Bagong K ngolah lan ngramu rasa supaya manjing nyawiji ing patrap lakuning hambeksa.

"Tumrap Pak Bagong, ngetutke rasa iku kawruh lan laku wigati tumraping seniman. Seni lan kesenian kudu tansah linambaran patrap ngetutke rasa, winengku ing pangolahan rasa, ora mligi dunung pangolahan nalar, apa maneh winates ing babagan teknik gerak," ngendikane Djaduk sinambi ngudhar weling pangandikane Bagong K. Sawise kababar werdine "ngetutke rasa", pahargyan pengetan iku uga kagelar komposisi tari dening para wiranem tari PLT Bagong K kang gawe sengseme para kang kasdu rawuh, yaiku para alumni PLT Bagong K, para seniman-budayawan kanca lan muride swargi Bagong K saka Jakarta, Solo, lan Yogyakarta. Kapungkasi, jejogetan bareng (spontanitas) dening alumni PLT lintas yuswa, saka kang wus yuswa 70 taun nganti kang isih mudha tumaruna, kakung putri. Miturut Direktur Eksekutif PSBK, Jeanny Park, roncening pengetan 60 taun PLT Bagong K iki bakal kagayutake klawan tumekane para alumni (reuni) cantrik mentrik PSBK saka manca negara lan saindenging Nusantara ing wulan Oktober 2018**. (pdm)**

Nyebar "Sanja Budaya"

Pardiman Djoyonegoro



SENIMAN, Pardiman Djoyonegoro, terus adreng anggone urun lan udhu murih tumangkare masarakat "melek seni-seneng seni" dimen kahanan urip saya mundhak gumbira mardika, reruwat budi luhur, rerabuk patembayatan dimen rukun kumpul ing madyaning pasrawungan, bebrayan agung. "Sanja Budaya", urip tepung seni, gawe nyawijine pangaribawa seni kanggo amemangun bangsa lan negari. Nyaketake lan gawe manjinging rasa seni ing masarakat, mliginie tumrap para bocah, remaja, kadang wiranem, lan sapa wae kang kasdu, padha gegulang lan lampah cumaket ing seni lan budaya. Studio Omah Cangkem, pimpinan Pardiman Djoyonegoro, katemben nampa rawuhe siswa lan guru udakara cacah 1.000 saka sawenehing yayasan sekolah ing Jakarta. Padha nggruduk neng Yogya lan nyuwun kasuntik daya pangaribawane seni budaya. Mula kanthi cara gilir baka 300 siswa, esuk sore telung dina mapan ing Kampung Mataraman, Panggungharjo, Sewon, Pardiman lan para asistene lelumban ngadani "sanja budaya", padha srawung seni bebarengan linambaran rasa suka gumbira. Kabeh padha lelumban lampah dadi paraga seni. Gumyak, gayeng, lan gawe marem. **(pdm)**



Pardiman Djoyonegoro, nalika ngirit para siswa saka Jakarta kang ambyuk bebarengan olah kridhaning seni ing Kampung Mataraman Yogyakarta. ***(foto-fid)***



NGREGENGAKE DIES NATALIS UGM KAPING 68

Kethoprak Ludruk "Arok-Dhedhes"

KETHOPRAK ludruk Arok-Dhedhes sing digelar ing Pusat Kebudayaan Koesnadi Hardjasoemantri mujudake acara puncak dies natalis UGM kang kaping 68. Lakon Arok-Dhedhes kasebut diwiwiti kanthi tarian warok kang sigrak, dhinamis, kairingi gamelan lan gendhing sing nyengkuyung swasana kasebut. Diterusake adegan perang antarane para warok lan para bramacorah sing mbrudhul saka grumbul. Tata lampu sing digarap kanthi apik mahanani swasana katon urip. Adegan mbaka adhegan lumaku rancag kanthi diseseli narasi lan dialog (pangudarasa lan antawecana) saka para paragane sing kocak nanging sengak, ngusung isu-isu sing lagi anget ing madyaning masarakat, ketambahan tingkah polahe para emban sing ayu-ayu lan kenes, njalari kethoprak ludruk Arek-Dhedhes krasa beda karo kethoprak-kethopak kaya umume.

Kethoprak ludruk Arok-Dhedhes sing disutradharani dening Dr. Cahyaningrum Dewojati lan Dr. Sudibyo iki mujudake kethoprak kolosal sing nglibatake paraga (pemain) nganti cacah atusan. Wiwit saka rektor nganti tekan mahasiswa.

"Konsep pagelaran kethoprak Arok-Dhedhes iki mujudake kethoprak kanthi format parodhi nganggo iringan musik komtemporer sing dicampur karo musik Jawa Timuran. Seni kethoprak kaya umume tansah ngangkat crita-crita sejarah utawa babad, digabung karo ludruk, dadi kethoprak ludruk sing kebak humor, kenthel kritik sosial lan uga ngusung isu-isu anyar. Dakkira iki mujudake kethoprak jaman now, kethoprak sing bisa njawab tantatangan jaman. Ora kelangan enggok, nanging pesen sing diusung liwat crita mau bisa tekan," pratelane Dr. Cahyaningrum Dewojati sing ditemoni *Sempulur* ing mburi panggung.

Crita Arok-Dhedhes sing dipanggungake wengi iku diadhaptasi saka serat Pararaton, (kitab sing nyritakake sejarah raja-raja Singasari lan Majapahit, sing ditulis ing abad 15-16). Kethoprak kasebut nyritakake lelakone Ken Arok wiwit lair (sing dianggep minangka titisaning dewa), dibuwang dening Ken Endhog, ditemu lan diopeni dening Lembong, tukang rampok, banjur tuwuh tresna marang Ken Dhedhes sing wis dadi garwane Tunggul Ametung, panguwasa Tumapel.

Ken Arok banjur pesen keris marang Empu Gandring, nanging tumekaning wektu kang wis dijanjekake keris mau pranyata durung dadi. Ken Arok nesu. Keris sing durung dadi mau direbut lan disudukake marang Empu Gandring. Sadurunge pralaya, Empu Gandring kober ngucapake supata manawa ing samengko keris kuwi bakal mangan korban cacah pitu, kalebu Ken Arok dhewe uga bakal mati dening keris kasebut.

Sawise oleh Keris saka Empu Gandring, Ken Arok nemoni Lohgawe, njaluk diterake nyuwita ing Tumapel. Ken Arok sing gandrung-gandrung kapirangu marang Ken Dhedhes, ing sawijining kalodhangan kasil merjaya Tunggul Ametung kanthi keris saka Empu Gandring. Banjur malah Kebo Ijo sing difitnah nyirnani Tunggul Ametung amarga keris kuwi tau disilih dening Kebo Ijo nanging meneng-meneng dicolong maneh dening Ken Arok.

Wekasane Ken Arok kasil dadi Raja Singasari kanthi nyandhing Ken Dhedhes minangka prameswari. Nanging mandi supatane Empu Gandring, Ken Arok diperjaya dening Anusapati, anake kwalon, sing ora bisa nampa patine wong tuwane amarga saka pokale Ken Arok sing kebak culika.

Liwat pemanggungan Arok-Dhedhes kasebut kaajab karya mau bisa dadi pangeling-eling lan pembelajaran kanggo generasi jaman saiki, sayektine kekuwasaan sing kebak angkara murka, kebak kelicikan lan ngelak getih, mung bakal nggawa marang rusaking bangsa.

"Bangsa Indonesia kudu sinau manawa mangsa kawuri kudu dijupuk minangka pembalajaran masa depan. Bangsa Indonesia kudu milih dalan kasatriya sing nengenake akal budi kang luhur sing nggawa ayem tentreme rakyat." Mangkono Dr. Cahyaningrum Dewojati luwih adoh ngandharake bab pemanggungan kethoprak ludhuk Arok-Dhedhes kasebut. **(din)**



Para emban sing ayu-ayu lan kenes "nguripake" swasana pagelaran kethoprakludruk Arok-Dhedhes. ***(foto-istimewa/din)***

Pawiyatan Jawa, Wiwit Sumebar Gawe Wasis Maca-Nulis Aksara Jawa



BASA Jawa, duwe pangaribawa gedhe tumrap jatidhiri lan kapribadhening manungsa. Mula, Dinas Kebudayaan DIY gawe kupiya anggone saya nggrengsengake pambyawara lan panggulawenthahing pamulangan Jawa, mligine nulis lan maca aksara Jawa ing Pawiyatan Jawa. Taun 2018 iki, Dinas Kebudayaan DIY yasa Pawiyatan Jawa kang sumembar saben kabupaten lan kota ing DIY. "Iki margining Pemerintah lan masarakat DIY anggone bebarengan ngrembakake budaya lokal lan kukuhing watak wantu luhur masarakat. Kupiya iki minangka wujud pratandha Yogya istimewa kang ora mung babagan kesenian nanging uga maneka warna babagan kabudayan kang jangkep lan pepak. *All out*," ngendikane Drs. Umar Priyono, M.Pd. nalika suka katerangan marang juru warta babagan Pawiyatan Jawa Dinas Kebudayaa DIY.

Pawiyatan Jawa taun iki bakal diadani enem wulan lawase, wiwit ing wulan Maret 2018 iki. Miturut katerangane Kepala Seksi Bahasa Jawa Dinas Kebudayaan DIY, Drs. Suraya, wiwit taun 2017 wis kasamaptahake para instruktur Pawiyatan Jawa, mligine ing babagan nulis lan maca aksara Jawa. Saperangan instruktur uga wis padha mulang ing Pawiyatan Jawa rintisan (pilot project) ing Dusun Tamanan, Tamanmartani, Kalasan ing pakumpulan Memetri Wiji kangunane Keluarga Ibu Sumarsih lan Pak Tri Djoko. Rintisan pamulangan Jawa swadaya warga iku taun 2017 tembayatan beberangen Dinas Kebudayaan DIY ngrengga murih Pawiyatan Jawa kaya kang karancang bisa katindakake kanthi pratitis.



Saliyane instruktur relawan relawati, pendhemen panggulawenthahing putra ing babagan basal an budaya Jawa kang wis padha suka makarya bareng, Dinas Kebudayaan DIY uga wis babar buku '*Wasis Maca lan Nulis Aksara Jawa*' kang bisa kanggo nuntun anggone padha gegulang basa Jawa. Buku iki dadi buku baku minangka sumber pasinaune para guru lan murid. Dinas Kebudayaan DIY uga wis babar buku '*Basa Jawa Krama Alus lan Santun*' (Prof. Dr. Pranowo lan Dr. Sri Ratna Saktimulya) kang bisa uga kanggo sumbere para kang nembe sinau basa Jawa. Bareng karo kupiya babar Pawiyatan Jawa, Dinas Kebudayaan DIY uga rumeksa jumurung pangrembakane basa Jawa kanthi ajeg yasa sayembara nyerat carita, yasa buku kumpulan karya sastra lan budaya, gelar macapatan, lan sarasehan basa. Uga ajeg babar kalawarti basa Jawa Sempulur lan sedhela maneh bakal kababar Tabloid Basa Jawa kang mligi kanggo para kadang mudha.

Pawiyatan Jawa taun 2018 iki tembayatan karo Program Desa Budaya, mula papan Pawiyatan Jawa bakal diadani ing Tamanan, Tamanmartani Kalasan (Sleman); Gilangharjo Pandak (Bantul), Beji Ngawen (Gunungkidul), Tuksono Sentolo (Kulon Progo), Kricak Tegalrejo (Kota). Miturut Drs. Suraya, para instruktur lan pendamping ing Pawiyatan Jawa dumadi saka instruktur propinsi kang kapiji, instruktur saka potensi desa lan sekitar desa, instruktur saka warga setempat, tenaga pendamping desa budaya, lan sumber daya lokal liyane. Malah, wis padha karembug, Pawiyatan Jawa bakal ngrangkul kapitayane budaya setempat, mligini seni karawitan (gemalan). "Anggone sami nggegulang nulis lan maca aksara Jawa, sinau basa Jawa, katambah langen nembang lan karawitan. Sisan nggawe kanggo nambah grengseng pasinaone," ngendikane Suraya.

Kaajab, Pawiyatan Jawa bisa ngrembaka lan dadi kupiya kang kaudi dening masarakat lan bisa kanggo pikukuhing budaya. Basa Jawa duwe pangaribawa gedhe tumrap anggone padha bebarengan memangun wateg waktuning bangsa, jatidhirining kawula. Mula Dinas Kebudayaan DIY kukuh anggone jumurung marang pangrembakane pamulangan basa Jawa, kalebu sumebaring kabisan maca lan nulis aksara Jawa. **(pdm)**

Longser, Teater Rakyat Sundha

KANTHI tembayatan antarane Lingkungan Seni Mahasiswa (LISMA) Universitas Pasundan Bandung, Keluarga Pelajar Mahasiswa (KPM) Galuh Rahayu, Ciamis-Yogyakarta, lan Taman Budaya Yogyakarta nganakake pagelaran seni pertunjukan tradhisional Sunda sing disebut Longser. Pagelaran Longser kanthi lakon *Si Kabayan di Kampung Seni* iki mau ditindakake ing dina Jumat bengi, 9 Februari 2018 kanthi mapan ing Gedhung Concert Hall, Taman Budaya Yogyakarta. Kejaba nganakake pagelaran seni pertunjukan tradhisional Longser LISMA lan KPM Galuh Rahayu uga nganakake pameran foto mapan ing serambi Gedhung Concert Hall TBY. Acara iki dianakake kanggo ajang silaturahmi, hiburan, refleksi, pelestarian, sarta ngakekate paseduluran antarane mahasiswa siji lan sijine, mligine mahasiswa Ciamis lan mahasiswa Jawa Barat umume sing padha sinau ana ing Jogja. Kejaba kuwi uga mujudake rasa tresna lan paseduluran marang warga Jogja.

Longser mujudake seni teater rakyat sing tuwuh lan ngrembaka saka tlatah Priangan, Bandung lan sumebar ing sakiwa tengene. Longser miturut para winasis dumadi saka rong tembung utawa istilah, yaiku *long* lan *ser*.



Saperangan para pemain longser (foto-abs)



*Tari Maung ngrenggani pagelaran longser ing TBY-**(foto-abs)***

Long mujudake cakakan saka tembung *melong* sing tegese ndeleng utawa nyawang. Dene *ser* dumadi saka tembung *seredet* sing tegese kegugah utawa gumregut. Dadi, sapa sing ndeleng utawa nonton longser umume banjur kegugah atine utawa pikirane (dadi seneng).

Lakon Si Kabayan di Kampung Seni nyritakake bab keprihatinane Kabayan sing ndeleng sanggar seni ing kampunge sepi merga akeh nom-noman sing padha bebara (meranto). Nanging kanthi dibantu dening Kemon, Kabayan banjur bisa nglumpukake warga kanggo latihan maneka warna kesenian. Kampung kuwi mau malih regeng, seni budayane mekar-ngrembaka. Kaya umume kesenian longser, longser iki mau dumadi saka perangan (unsur) pokoke yaiku nayaga, bebodhor (pendhagel), ronggeng/penari sing umume ngrangkep dadi pesindhen, lan pemeran/pemain pembantu. Pagelaran seni longser umume dipungkasi kanthi tari *pergaulan* kaya tari ronggeng-ibingan utawa tayub-ibingan.**(abs)**

*Si Kabayan lan Si Kemon nggrengsengake latihan kesenian. **(foto-abs)***



Ki Regut Widi Prayitno
Maestro Wayang Golek Kulon Progo

DINAS Kebudayaan Kabupaten Kulon Progo nerbitake buku kanthi judhul Ki Regut Widi Prayitno kanggo penget gregeting dhalang iki anggone nggula wentah bab wayang golek. Buku kang kalebu biografi iki uga bisa disebut apresiasi marang Ki Regut Widi Prayitno kang asli saking Keblakan, Salamrejo, Sentolo, Kulon Progo.

Biografi Ki Regut nuduhake yen Kulon Progo ngasilake seniman-seniman kang kawentar kayata Ki Hadi Sugito dhalang wayang kulit, Mahatmanto sastrawan, Kawino Sakaningrat seniman keroncong kang bisa nyandhang gelar maestro seni. Buku iki mligi ngrembag Ki Regut kanggo pawarta umum lan uga bisa minangka lantaran cara marisake greget anggone ngrembakakake wayang golek, kreativitas, lan ajur ajering Ki Regut kang nyawiji mring wayang golek, saka wayang golek ora dikenal ing Kulon Progo tumekan kawentar ing ngamanca.

Ing jaman wiwitane Ki Regut susah anggone nggelar wayang amerga kabeh kang ana gayutane karo kesenian diawasi ketat dening pamarintah. Ki Regut teguh anggone nggelar wayang, engga dheweke bisa tetep nggelar wayang golek. Ing mangsa jayane Ki Regut bisa dadi panutaning para dhalang liyane. Ki Regut pentas ing maneka papan, ora amung nasional nanging uga internasional. Bab kang kebak ajaran luhur adiluhung iku perlu diajarake tumrap para mudha jaman saiki lumantar perjuangane Ki Regut lan wayang golek iki.

Buku Ki Regut Widi Prayitno "Berperan Mengembangkan Golek Menak Menembus Zaman" ngandhut pirang-pirang bab kayata Silsilah Keluarga Ki Regut, Asal-usul golek Menak dan Pergelaran Wayang Golek Menak Versi Ki Regut, Wayang Golek dan Peran Ki Regut dalam Perkembangan Golek Menak di Indonesia, Wayang Thengul: Seni Adiluhung yang semakin murung, Balungan Lakon-lakon Wayang Golek Menak yang Sering Disajikan Ki Regut.

Buku ringkes kang ngamot 100 kaca iki bisa nyritakake grambyangan saka Ki Regut durung kawentar, nuju kawentaring Ki Regut lan Wayang Golek lan para penerusing dhalang Wayang Golek ing taun saiki. Kabeh asma-asma saka wiyaga, sindhen, kanca lan tangga teparone lan uga asma-asma dhalang peneruse katulis cetha ing buku iki.

Balungan lakon-lakon kang asring digelar dening Ki Regut uga katulis ing buku iki. Para maos bisa duwe gambaran lampahing crita Wayang Golek gaya Ki Regut lan uga sokur bisa rembakakake tumekan nggelar Wayang Golek.

Buku iki cocok kanggo para peneliti kanggo golek data wiwitan, utawa kanggo para maos umum kang kepengin mangerteni Ki



Regut utawa Wayang Golek kanthi ringkes. Buku iki migunakake basa Indonesia kang gampang dipahami. Dene menawa kepengin ngerti luwih cetha bisa wawanrembang karo tiyang-tiyang kang disebutake ing buku iki. Para maos kang nduwe krenteg kanggo mangerteni luwih bab Ki Regut bisa langsung tumuju ing Dinas Kebudayaan Kulon Progo utawa langsung ing Dusun Salamrejo amarga ing buku iki ora disebutake sawijining nomer telepon. **(avg)**

"Nrawang" Budaya Jawa ing Sajroning Novel



AKEH sing wus padha ngantu-antu tumekane sastra Jawa gagrak anyar (salah sijine novel) sing "beda" karo sing wus ana. "Beda" ing prakara bobote, kandele, lan wewujudane. Lan, pangantu-antu mau saiki wus dijawab dening Dinas Kebudayaan Daerah Istimewa Yogyakarta lumantar laire novel limang (5) judhul, yaiku *Pulung Gantung Tali Pati* (Iman Budhi Santosa), *Sengara Mati* (Siti Aminah), *Kadang Suriname Sanak Merapi* (Fuji Riang Prastowo), *Begog Godhong Asem Pereng Gunung Merapi* (Drs, Sugeng Subagya, M.M.), lan *Kori Wis Tinarbuka* (M.M. Sri Haryanti, S.S.).

Wus dadi kauningane ing ngakeh, yen sastra Jawa sing awujud buku ing taun-taun 1950-an tumekane taun-tahun 1980-an kahanane ora nyenengake jalaran mapirang-pirang prakara. Pungkasane, pangupaya nerbitake buku sing bisa disebut "sastra" dadi kapetung angel kelakone. Pancen penerbit duweke Pamarentah—Balai Pustaka—isih nerbitake buku sastra Jawa. Nanging, gunggunge mung siji-loro (sethithik banget), ora sumbut karo sejarah lan jenenge. Kahanan mangokono mau, banjur "dipethuk" dening penerbit-penerbit swasta sing modhale pas-pasan kanthi nerbitake novel-novel (satemene bisa disebut novelet sing tipis banget) kanthi crita sing beda karo apa sing tinemu ing buku-buku cithakane Balai Pustaka (sing luwih krasa daya sastrane). Novel-novel abasa Jawa cithakan swasta mau mesthi bae tujuane sing pokok dicithak mesthi kanggo golek bathi, dudu golek dayaning sastra. Mula jeneng ora aneh yen critane racake ya ora nggatekake mutu/bobot. Sing penting terbit, didol, lan payu laris. Larise novelet-novelet ing taun-taun sing diaturake kasebut jalaran pancen bebrayan agung (masarakat) ngorong karo wacan Jawa, nanging pangoronge wacan buku Jawa mau sing nanduki dudu Balai Pustaka, nanging penerbit swasta.

Ewa semono, mrojol selaning garu, ing taun-taun kang abot (amarga sastra Jawa dalah masarakate lelabuh dhewe), isih bisa ditemokake novel-novel sastra Jawa cithakan swasta sing nduweni bobot lan daya sastra, kayata *Kadurakan* ing *Kidul Dringu, Kelangan Satang* (kekarone anggitane Suparto Brata), *Gumuk Sandhi* (Poerwadhie Atmodihardjo), lan isih akeh maneh.

Para sastrawan Jawa ngadhepi kahanan mangkono banjur duwe kupiya nerbitake karyane dhewe lan didol dhewe kanthi ragad pribadi. Mesthi bae kahanan sing kaya mangke ora bisa gawe gresenge sastra Jawa awujud buku, jalaran ora kabeh pengarang padha duwe bandha kanggo gawe buku. Mangkono nganti ngancik taun 1990-an tumekane dasawarsa awal 2000-an.

Mesthi bae "ndandani" kahanane sastra Jawa sing "surem-surem dewangkara kingkin" iku ora gampang, kabeh perangan kudu melu cancut taliwanda, embuh iku saka sastrawane dhewe, masarakat, apadene pihak Pamarentah. Mula jeneng becik, dene Dinas Kebudayaan DIY tanggap karo prakara kasebut (sanajan lagi winates karo DIY) kanthi nerbitake novel-novel sastra Jawa saka asile Sayembara Nyerat Novel Basa Jawa 2017.

Nyawang saka prosese sayembara, nganti ndungkap terbite sarta cithakane, limang novel sing wus kasebutake ing ndhuwur bisa dadi pratandha yen ana kawigaten marang sastra Jawa. Novel-novel mau duwe underane ngrembug (topik) beda-beda, lan racake, para pengarange anggone nyerat ora adhedhasar pangentha-entha (imajinasi) bae, nanging uga nganggo panaliten sing magepokan karo prakarane rembug, saka bab mitakokake gugon tuhon (mitos) bab pulung gantung, thek kliwere gudheg, bocah desa nggoleki jati dhirine, nandhese Kutha Ngayogya minangka kutha budaya, tumekane bab dhiaspora. Novel-novel mau nyoba "nrawang" lan "njingglengi" budaya Jawa sing kasinungan ing laladan DIY sing kaesokake ing karya sastra Jawa gagrak anyar. Ndherek bingah! **(DPP)**

DONGENG

Ngilo Githok

RITA NURYANTI



HMM..., sebeeeeeeellll...!!! Rama pancen ora tresna marang aku! Pilih kasih! Kangmas-kangmasku nyuwun apa wae disembadani, aku mung nyuwun wisata menyang Pesisir Manikmaya wae ora dituruti!" Dewi Tari, putri wuragil Patih Surya Darma sajak cuwa karana pepinginane cabar, ora dikeparengake dening keng Rama. Dewi Tari terus nggendring menyang taman.

Playune Dewi Tari ditututi dening Bibi Warsilah, pamomonge Dewi Tari wiwit bayi. "Dewi..., badhe tindak pundi? Bibi pun tengga ta?" Bibi Warsilah keponthal-ponthal nututi. "Mbok ampun duka!"

Srog! Kanthi rada ngoso, Dewi Tari leren ing palungguhan ngisor wit flamboyan kang nedheng ngrembuyung. Napase menggeh-menggeh, munggah mudhun karana mentas mlayu nggembol kanepson. Perihing ati ora bisa digambarake, pating kemramyas nyebar warata ing saranduning badan. Batine ngondhok-ondhok, cumlekit kaya kulit dijiwit. Wusanane..., brol!

"Dewi..., sampun ta, boten sah muwun!" Bibi Warsilah lungguh ing jejere, ngelus rambute Dewi kang ngandhan-andhan. "Pesisir Manikmaya menika tebih, kamangka Dewi rak tasih alit, dereng diwasa. Menawi sayah kadospundi? Inggih karana tresna menika, Rama kangge wekdal menika mboten ngeparengaken. Mbokmenawi kalih utawi tigang taun malih Rama kepara ngajak sakulawarga plesir mrika!"

"Ah, Bibi! Ing pamulangan wae kanca-kancaku padha crita ngenani Pesisir Manikmaya. Aku iki putrane Patih Nagari Lohjinawi lho Bibi, mosok malah durung weruh? Kamangka kanca-kancaku wong tuwane mung kawula, tegese dudu punggawa praja malah wis padha mrana!"

"Dewi...," Bibi Warsilah nyoba nyela.

"Mengko dhisik, Bibi! Kangmas-kangmasku diparingi tumpakan dhewe-dhewe, bebas dolan menyang ngendi, disangoni. Lha aku? Apa-apa mesthi kudu matur lan ora mesthi kabul!"

"O..., ngaten! Dewi kesupen nggih yen mentas blanja dhateng peken Mekarsari. Napa-napa rak diborong ta? Ngantos kalih yuta langkung lho keng Rama ngedalaken arta!"

"Lha, mung kuwi we!"

"Mung kuwi apa?" Ana suwara seje keprungu saka samburine Dewi Tari lan Bibi Warsilah. Tanpa diprentah kekarone mengo lan saeba kagete bareng nyumurupi sapa kang rawuh.

"Rama?!!"

"Kanjeng Patih?!!"

Kaya diabani, Dewi Tari lan Bibi Warsilah muwus bebarengan. Ana rasa dheg-dhegan cinampur was sumelang nylentiki telenge ati. Aja-aja Patih Surya Darma midhanget sakabehe lan bakal paring duka.

"Tenang wae, ora perlu padha wedi!" Patih Surya Darma mesem. "Aku, wong tuwa, nyambut gawe kuwi kanggo sapa yen ora kanggo anak. Mula panyuwune Dewi Tari bakal takturuti."

"Leres, Rama?" Dewi Tari lunjak-lunjak.

"Bener! Ning ana siji sarate!"

"Menapa, Rama?"

"Rama kepengin, putrine Rama kang ayu dhenok dheblong iki sepisan wae nuduhake kewasisane ngilo githoke dhewe."

“Ngilo githok?! Dospundi ta, Rama?” Dewi Tari plingak-plinguk bingung.

“Iki lho, githok!” Patih Surya Darma nyekel gulune Dewi Tari perangan mburi. “Coba, idhep-idhep dinggo olahraga, gulune sok dinggo tolah-toleh, ingar-inger ngiwa nengen, sapa ngerti suwening-suwe bisa ngilo githoke dhewe.”

“Ah, Rama! Kok aneh ta? Mbok sanese mawon!”

“Saguh ora? Ya uwis yen ora saguh, ilang kalodhangan!” Patih Surya Darma jumangkah arsa tindak.

“Inggih Rama, kula sagah!” Tanpa mikir dawa Dewi Tari nyaguhi. Astane keng Rama cinekel kenceng, aja nganti ucul.

“Wis, tak paringi wektu seminggu kanggo latihan. Mbuh kaya ngapa asile, enggala matur Rama. Kasil utawa ora, sing penting wis mbudidaya.”

“Siap, Rama! Sendika dhawuh!” Dewi Tari lelondhotan aleman ing astane Patih Surya Darma. Rasa sebel, mangkel, lan kudu nangis sanalika sirna gumanti rasa seneng ngentha-entha kang bakal teka. Kekeceh ing Pesisir Manikmaya.

“Dewi Tari..., Dewi Tari! Pancen bocah tenan!” Bibi Warsilah mesam-mesem ndulu patrape momongane kang pancen bocah lucu lan isih lugu.

***

Wektu terus rumambat lumaku. Rina wengi Dewi Tari tansah gladhen ngilo githoke. Dhewe, ora kepengin ana sing ngancani kalebu Bibi Warsilah. Isin utawa kepengin gawe pangeram-eram, ora ana kang ngerti karana ora diblakani.

Seminggu wis mungkur. Kanthi pangrasa kang ora karu-karuwan, Dewi Tari nunggu kondure ramane saka pisowanan. “Apa wae kang bakal dumadi, kudu diadhepi!” Iku tekade nadyan temene rada wedi.

“Ramaaaaa..., cabar Rama! Gagal! Kula tangeh lamun saged dhateng Pesisir Manikmaya! Huaaaaaa.....!!!” Patih Surya Darma kang nembe ketebang katon kondur, diruket kenceng dening Dewi Tari. Tangise disuntak, nggrerepa nyuwun pangapura kalamun ora bisa minangkani pamundhute keng rama. Ngilo githok. Satleraman, katone kaya gampang, nanging jebule ora. Senajan direwangi gladhen tekan kapan wae ora bakal keconggah nindakake.

“E..., putrane Rama, ayu-ayu kok nangis! Ayo dilap! Ora prayoga! Rama ora duka kok!” Patih Surya Darma mendhek, ngusap mripate Dewi Tari kang kekembeng luh.

“Rama mboten duka, kula mboten saged ngilo githok? Nanging inggih mboten estu dhateng Pesisir Manikmaya? Lha rak nggih sami mawon!”

“Sik ta, sing sabar Cah Ayu! Ndherek Rama sedhela yo!” Patih Surya Darma nggandheng tangane Dewi Tari tumuju kraton, kang saliyane papan palenggahane ratu uga papan wisata kanggo masarakat umum.

“Coba ditonton, priyayi kang agemane kuning kae sapa?” pangandikane Patih Surya Darma.

“Pundi ta, Rama?”

“Kae lho, sing lagi jumeneng lan sok andum mbuh apa marang kang wisata. Kudune mlebu rak dha mbayar? Lha iki malah diparingi. Mbokmenawa kang maringi pirsa kahanan pawongan kang kapiji nampa sedhekahe.”

“Lha menika Putri Saraswati lho Rama!”

“Putri Saraswati kuwi sapa?”

“Wallah..., Rama ndadak mundhut pirsa. Putri Saraswati nggih putranipun Kanjeng Prabu Raja ing Lohjinawi mriki.”

“Raja karo Patih dhuwur endi?”

“Ah, Rama! Nggih inggil Raja!”

“Bener? Ora kleru?”

“Leres, Rama!”

Patih Surya Darma mesem. Putrine diajak lungguh, dipangku. “Putri Saraswati iku pantes kanggo tuladha. Sanajan putra raja, ora kagungan pepenginan brah-breh seneng blanja utawa kerep lelungan saderma ela-elu kanca. Samubarang dirancang, kalebu andum rejeki marang liyan.”

“Inggih, Rama. Nanging menapa sambetipun kaliyan ngilo githok menika?” Dewi Tari isih bingung, gagap-gagap kersane ramane.

“Dewi..., Dewi! Ora ana wong bisa ngilo githoke dhewe. Iku pasemon. Tegese, sakehing tumindak utawa pepenginan kudu ngelingi kekuwatane awake dhewe. Aja ndangak, nyawang pawongan kang luwih dhuwur.”

“O..., ngaten ta Rama?” Dewi Tari manthuk-manthuk.

“Awake dhewe kena ndangak ing babagan tumindak kabecikan, nanging ndhungkluka ing bab kadonyan. Upamane, Putri Saraswati sing putrane raja, seneng dedana, ora kumalungkung, iku kena dimereni. Geneya awake dhewe ora bisa? Nanging bab bandha, nyawanga mangisor. Muji syukur awake dhewe diparingi mangkene, kae wong liya ana kang ora duwe omah, mangan ora bisa ajeg sedina kaping telu, apa maneh kanggo plesiran dolan. Blas, ngimpi wae ora wani.”

“Kula lepat nggih Rama, adreng nyuwun dhateng Pesisir Manikmaya?”

“Ora luput, mung durung titiwancine. Aja nggege mangsa. Pesisir Manikmaya kuwi adoh. Rama ora tega yen putrane Rama sing ayu dhewe sakdonya iki kekeselen.”

“Ah..., Rama! Mosok ayu dhewe sakdonya, he he he....!!!” Dewi Tari nyekikik ngguyu. Sirahe dilendhetke ing pundhake ramane. Patih Surya Darma uga ngobahake asta, ngelus rambute keng putra. Anyep, ayem. Katresnane rama lan putra saya tuwuh ngrembaka.

• • •

ANTHON YS TAUFAN PUTERA

Nalika Kori Binuka

Sepiku tan saguh maneh meneng
napas cintraka mblasah ing pabaratan
embuh darbeke sapa, dumadakan
alas rungkut sukma dadi klawu
: aku tangi. Babo, iki jangkah!

Sepiku ora gelem maneh saderma sepi
nalika kori dak bukak sigra lumepas
dewangkara kang nora jenjem
tumuli andum agni

Langit ndledek madu dudu salju
agahan aku nyawang mring tawang
adhuh lae nikmate lumepas saka linu
anget rumambat mili sadawaning urat

Gunung biru saka kana angin suci
ngisi kebak hawa jroning paruku
nalika dak bukak korining ati
tumuli lumepas tembang sungkawa

Okt. 2017

Cathetan Samburining Arak-arakan

Taru-tatu tansaya menga
sapungkure gemrudug iring-iringan
ludira kang netes nyilemake bagaskara
o, petenge lan giris ing dedalan

Pancen tansah mangkono lan sajege
tatu, perih lan lebu iku bageyane mburi
wates arak-arakan sisih ngendi panggone
usada rasa salit nadyan kabar kang kari

Nalika swasana wus wusana
tan kinira giris wus nganti dadi areng
nganti kapan kiyi murupe mawa
kutha kang bengkah njedhul jalma kereng

Isih kaprungu gemedruging arak-arakan
kapanggang panase srengenge
kangen digape disaruwe
andak segere esuk mung kari impen?

Jogja, November. 2017

Gerimis Putih

Gerimis putih isih durung sirep
sanadyan dina ngunduri surup
uwiting banyu ngrontogake tangis
sa-emper slintru kang tipis
ing temboke kumlebat
lelakon kepungkur kang manis
arak-arakan pacak baris

Engga wanci surup iki uga
gerimis isih panggah criwis
ngeja larik-larik puisi jawa
kang wus lawas dak tulis

Gerimis putih isih durung mendha
dak ukur sepira playune crita lawas
andak iya. kaseret ilining banyu tritisan
dak injen saka waliking jendhela jiwa
pangangenku lumepas bablas
Gusti kawula nyuwun kawelasan

Jogja, November 2017

EKO NURYONO

Gurit Wayah Sore Sasi Pasa

sewu gurit ora bakal bisa nggambarake
bungahe atiki nalika nunggu bedhug magrib
lungguh sakpejagongan karo bocah-bocah
ing selane swara bocah-bocah ngaji
sajak kabeh sesanggan urip dadi lali
mung esem guyu mrangguli bocah
kang isih sinawang polos lan lugu

ing kene, mbokmenawa bisa daktitipake
gegadhangane urip kanggo tembe mburi
dina-dina wis lumaku kang rinasa arupa klawu
tatanan urip kang wis ninggal tuntutan kanjeng nabi
muga-muga mengko bisa lumaku apik
negara bakal tinata kaya paugerane agama
urip bisa tata, titi, tentrem, lan kerta raharja
kaya kang digegadhang simbah-buyut biyen

Marang Sakpulukan Sega

dumadakan kaya ana cahya kang sinapyuh
gawe padhang pikiran, sedina ngampet luwe
swara bedhug minangka tandha buka kuwi
kaya manjilma dadi anylese banyu
kang nelesi gurung-gurung garing
: bocah-bocah bisa gumuyu bungah

marang sakpulukan sega
kang manjing ing pucuking gulu iki
rinasa pengin aweh sasmita agung saka langit
ajine sakpulukan sega rinasa mancala
sawise sedina muput bisa amenggak kabeh nafsu
sing ana saiki mung rasa syukur marang Gusti
najan tansah sumelip rasa wirang isin
kenapa manungsa kudu eling marang rekasane liyan
kudu nunggu tekane sasi pasa ngene iki?

Kupu ing nJero Mesjid

aku ngerti, kupu kuwi sore mau
miber-miber ing emper pasar Beringharjo
nanging apa merga saiki
emperane wis kanggo turu gelandhangan
kupu kuwi banju miber nembus petenge wengi
lan keblasuk mlebu ing njero mesjid iki

nalika ustadz nembe ceramah bab negara arab
pikirane cabar, aku mung maspadakke kupu kuwi
nalika kupu meh bae kesaplak ubenge kipas angin
aku mbayangake kere-kere kang kepati ing emperan
nalika hawa adem ngene, turu nglempus tanpa kemulan
kaya-kaya kupu kuwi pengin ngabarake
nanging emane ustadz-ustadz kae ora nate
babar pisan ora nate ngomong wong-wong kang kesrakat
apamaneh sesorah ngenani rekasa dadi urip kere
: kupu kuwi kaya paring sasmita

NYADI KASMOREJO

Mister X

Jagad iki ginelar jembar, mungguh titah kang nalar
Rinasa cupet, kanggo kang nandhang rupeg
Tan winates, tumrap kang nandhang gandrung
Rinasa buntet, tumrap kang kebak kanisthan
Ramene dalan ora bisa dadi tamba sepine ati
Asine uyah dudu usada sepane rasa pangangen

Dulur...
Sawangen, akeh pawongan padha edan
Lumaku sadawe dalan
Tanpa aran saparan-paran
Urip tanpa jeneng, mati tanpa aran

Dulur...
Ing endi dunung kamanungsan
Ngaku bangsa luhur wetanan
Ngendi budaya adiluhung
Mung kandheg ana pawiwahan

Sleman Maret 2018

Ngumbara tan Winates

Aku lungguh dipan atos
Angenku tumiba ing antariksa
Kebentus maewu-ewu meteor
Babak bundas tan wujud
Ambyar bubar mawut sumebar
Kaya endhog pangamun-amun
Cicir- suwir kocar-kacir tan sumampir
Kabur nut jantrane mega-mendhung
Kadya kapas sinurung lesus
Bablas geblas tatas tuntas
Ilang tan kadulu sisip tan sumlepit
Embuh endi aran parane

Gabrus...sikilku nyandung krikil sabokong kebo
Godres getih tan dinuga
Pringis nyengir lambeku kumlawat
Biyung dosa apa kang sun sandhang
Gusti kawula titah wantah
Nyadhong duka lan aksama

Sleman, Januari 2018

Cathetan Urip Jaman Now

Lur dina iki aku ora duwe setatus
Tangi turu mung thethenguk
Ngopi camilan roti
Ngenteni soto liwat
WA-nan, cengar-cengir pringisan
Maca setatuse kanca ra-karuan

Rada awan dhawet ayu Banyumasan
Bukak akun facebook-an
Guyon ajeg cengengesan
Karo kanca tanpa aran (jeneng singlon)
ora nate jejagongan
Rumangsa kaya tenan

Sore, ngenteni sate liwat
Bukak twitter kabar seleb
"Lambe turah" pancen lincah
Ngonceki seleb polah
Ora nikah gembol bocah
Malah entuk kekucah (Pelakor)
Surup sepi, ...
Kethap-kethip ngetung driji
Jejer ulem sangga uwang

Mikir...
Iki dulur cedhak, mitra kenthel, kanca WA
Mangkat-ora...mangkat- ora-mangkat

Sleman Januari 2018

Sepa Sepi tan Rupa

Pangangenku tumlawung adoh
Kaya adohe wetan lan kulon
Panduluku ora cetha
Kaya katutup pedhut
Sepa sepi ati iki
Kaya nandhang duhkita

Nadyan jagad iki rame
Abyore tetumpakan sesliweran
Tan bisa handuwa sepa
Lan sepine ati iki

Sapa kandha donya iki rame?
Sapa kumbi donya iki sepi?
Dak turut lurunge nala
Tan tinemu rupa

Sleman, Jnuari 2018



Pentas teater Surjan, teater Kendi dan Art for Children, Lakon "Sawiji" ing Gedung Societet TBY ***(foto-fid)***

Piweling Mring Pramudha

SUYATI, S.Pd.

Gumreguding pra taruna
Kadya ubaling kang geni
Dadi daya mring berjuwang
Nggayuh karaharjan yekti
Karahayon tan keri
Ngoyak kamulyan puniku
Pranyata nora gampang
Den bisa anahan dhiri
Gelem prihatin aneng sadhengah wayah

Mangkono ywa kongsi lirwa
tekad tekun den lakoni
sangu ngelmu lan kabisan
bisa mrantasi ing karti
aja karana pamrih
lambarana ati tulus
sinartan kesabaran
angadhepi keh prekawis
ingkang dadya pepalang munggwing panjangka

Uga aneng pasrawungan
Tatakrama tetep den ugemi
Unggah-ungguh den jaga
Nggennya micara kang becik
Bisa ngresepi ati

Aja ninggalke pepacuh
Temah agawe wirang
Dadi pocapan sayekti
Ati goreh urip datan bisa jenak.

Lamun sira wis amapan
Bisa urip penak nenggih
kasinungan kalungguhan
pangkat drajad ingkang inggil
tetepa ing agami
marga kabeh iku tuhu
amung dadi titipan
saka kang Murbeng Dumadi
saben wanci pinundhut Kang Maha Karya

mula den bisa angrumat
kalenggahanira yekti
ywa kongsi sawenang-wenang
kumalungkung ngedir-edir
serakah lan midaki
amung bandha kang den luru
nganti lali tatanan
wancine jinaluk bali
bandha ilang dulur kanca ninggal lunga.

Panyerat
Guru SMPN 3 Pajangan, Bantul.



*abdi dalam Kraton-**(foto-fid)***

Sariswara: Metodhe Pamulangan Gamelan

DHRAJAT ISKANDAR

MUSEUM Dewantara Kirti Griya mapan ing Jl. Tamansiswa No.31 Wirogunan, Mergangsan Yogyakarta. Museum iki nyimpen koleksi tinggalane Ki Hadjar Dewantara. Koleksi iku awujud salah sawijining paraga gamelan yaiku Saron. Koleksi museum siji iki ngandhut nilai sejarah lan budi pakerti.

Gamelan iku minangka gamelan sepisanan ing Tamansiswa. Gamelan kang digawe kanthi angka taun 1926 iku, anggone tuku genep saprangkat gamelan, lan kanthi kahanan kang kebak prihatin. Tamansiswa njilih dhuwit saka pamarintah Walanda gunggunge 5 Gulden awit preluning Tamansiswa nduwe saprangkat gamelan kanggo nggladhi para siswane.

Gamelan kanthi titi laras pelog iku wilahane digawe saka perunggu kang tumata ing kayu ukiran. Logo Tamansiswa kanthi kacekak TS kaukir ing kayu iku.

Gamelan iku pajang ing Museum Dewantara Kirti Griya supaya para rawuh bisa mraktekake metodhe sariswara riptane Ki Hadjar Dewantara lan minangka medhia pembelajaran budi pakerti. Metodhe Sariswara iku sejatine titi laras, ananging bisa dadi metodhe pamulangan. Metodhe Sariswara iku metodhe kanggo ngewrat wulangan tetembangan, lelagon, basa, sejarah kang tundhone bisa mbangun budi pekertine siswa.

Ki Hadjar nalika diasingake ing negara Walanda, migunake Metodhe Sariswara kanggo ngiringi tembang Kinanthi Sandung anggitane Mangkunegara IV. Ing Walanda jaman semana durung ana gamelan, mila Ki Hadjar migunakake Metodhe Sariswara kanggo ngripta titi larase gamelan pentatonis kang diubah dadi notasi balok diatonis supaya bisa kanggo ngiringi tembang iku. Tembang iku kasekarake nalika nalika ambal warsa garwane, yaiku Nyi Hadjar Dewantara ing Walanda. Tumekan jaman saiki, Metodhe Sariswara isih digunakake ing Tamansiswa kayata ing piwulangan beksa, langen carita, karawitan lan olah gendhing. Mula kanthi metodhe iku para siswa bisa ngolah wirasa, wiraga, lan wirama kang bisa ndadekake luhuring budi para siswa ana ing samubarang bab.


Gamelan iku beda tinimbang gamelan-gamelan lumrah. Jaman biyen gamelan iku dinggo ngiringi bocah-bocah kang padha gladhen nembang. Jenenge bocah-bocah anggone nembang kanthi swara kang dhuwur, mila titi laras kanggo ngiringi uga kudu dhuwur. Saka bab iku, laras gamelaneluwih dhuwur tinimbang gamelan padatan. **(dik)**













Aku lan Bojoku

KI SUGENG SUBAGYA

PITULAS taun kepungkur, aku karo bojoku wiwit bebara. Niyate atiku adu nasib. Sangu ijasah sing takduweni aku nekad mangkat. Alhamdulillah, entuk gaweyan dadi asisten apoteker ing salah sijine apotik. Gaweyan sing pancen jumbuh karo ijasahku. Bojoku ya entuk gaweyan, dadi juru buku neng perusahaan garmen. Gaweyan sing ora jumbuh karo ijasahe. Wong lulusan antropologi kok dadi juru buku.

"Mas, aku jane ora sreg karo gaweyan iki". Bojoku kandha ngono ing sawijine dina.
"Lha ngapa?". Wangsulanku.
"Iki dudu kabisanku. Kudune gaweyan ngene iki dinggo kanca-kanca seka manajemen, sak ora-orane tehnik industri. Bosku hawane mung arep nesu wae. Kabeh sing tak tandangi mesthi ora dadi karepe. Pawadane werna-werna. Jare endi sing aku klemar-klemer kurang cekat-ceket."
"Lha terus priye"
"Oleh ora yen aku metu, golek gaweyan liya. Ning ya isih tetep nyambut gawe neng kana sadurunge oleh gaweyan anyar"
"Sakarepmu, wong sing bakal nglakoni kowe".

Aku nglilani bojoku golek gaweyan liyane. Ora merga apa-apa. Ning iki wujud caraku netepi janji marang dheweke. Janjiku marang dhewekke biyen sadurunge tak nikahi, sesuk menawa kelakon omah-omah, aku ora bakal ndhuwa kekarepane, waton kekarepane iku becik lan ora nerak paugeran agama, kukum negara, lan tatanan bebrayan.

Ngenani anggone bakal metu seka gaweyan, jan-jane jerone batinku ya owel. Geneya arep metu seka gaweyan, wong uripe wae isih kaya ngene. Omah isih ngontrak, kuwi wae mung rong kamar. Sing sa kamar tak nggo ruang tamu, sing sa kamar tak singget. Separo tak nggo turu, separo tak nggo dheleh apa-apa. Kalebu yen kepengin mangsak gawe bakmi instan umpamane, ya neng kono. Oleh-olehane nyambut gawe wong loro ki jane ya mung cukup dinggo mangan saben dina karo ngontrak omah. Pancen ana sithik rong ithik sing takcelengi. Ananging kuwi dinggo ngunduri kahanan, sapa ngerti sesuk aku karo bojoku terus diparingi momongan.

Mbokmenawa, amarga ndulu kahanan rumah tangga sing isih sarwa cumpen, bojoku kuwat nganti rong taun nyambut gawe neng perusahaan garmen mau. Malah nganti anakku mbarep lair.

Tau kedadeyan sing nrenyuhake. Semono bojoku arep mlebu nyambut gawe rampung cuti nglairke. Tak sawang sakeplasan kok kaya abot banget bojoku arep ninggal omah. Abot arep ninggal anake sing lagi umur selapan dina. Bocah isih bayi abang ditinggal prung, mung terus dimong rewang.

Saya nlangsa maneh yen wis keprungu klakson mobil pethukan. Bojoku mangkat lan mulih nyambut gawe dipethuk lan diterke mobil perusahaan bareng karo kanca-kancane. Anakku sing lagi merem liyer-liyer neng pangkone bojoku, nenen, gelem ora gelem kudu diuwisi. Bocahe terus nangis. Anakku terus takcandhak, takdhekep neng gendhonganku. Mesthi bojoku ya nangis batine, semedhot ninggal anake.

Kedadeyan ngono kuwi meh saben dina. Tujune kok aku mlebu kantor rada awan. Menawa bojoku jam setengah wolu kudu wis tekan nggon gaweyan, aku isih rada anter. Paling ora jam wolu lagi budhal seka omah. Bojoku setengah lima sore lagi tekan omah. Aku jam telu wis tekan omah. Mung bedane aku mengko jam pitu bengi mlebu maneh nganti tekan jam sepuluh.

> "Mas aku ora mentala tenan ninggal Sidik. Saben esuk mesthi terus nangis kekejer ngana kae". Kandhane bojoku sawijine dina.
> "Karepmu terus priye? Saiki mung kari kowe. Arep tok teruske leh mu nyambut gawe ya kena. Ning nek arep metu, ya ora papa. Wis aku mengko tak golek samben liyane dinggo nyukupi butuhe keluwarga". Wangsulanku nggedhekke atine bojoku.
> "Aku dhek wingi wis nglebokke lamaran neng sekolahan, SMA Swasta cedhak stadion kae lho Mas."
> "Karepmu terus kowe arep dadi guru, ngono?"
> "Iya Mas, kanca-kancaku saangkatan lulusan Antropologi meh kabeh mulang. Soale saiki ana wulangan Antropologi neng SMA. IKIP durung nyiapke gurune. Mula lulusan Antropologi universitas diwenehi kalodhangan mulang."
> "Ya wis, aku sarujuk. Terus kapan lehmu arep mundur seka perusahaan?"
> "Ngenteni gajiyan dhisik, mengko sedina bar gajiyan aku tak pamit".

Krungu tekade bojoku arep metu seka gaweyan, aku seneng-seneng susah. Senengku jalaran rong prekara. Sepisan, anakku bakal kopen lan kepama jalaran ketunggon biyunge. Mungguh bisa kandha Sidik mesthi terus celathu, "Alhamdulillah, fullday mother." Sing ping pindho, aku kelakon netepi janjiku meneh. Bojoku taksekarep, oleh arep ngapa wae anggere genah. Wondene sing marahi susah, ya apa meneh yen ora kahanan ekonomi. Gelem ora gelem, pemetune keluwargaku suda. Kamangka butuhe ragad saya akeh lan luwih gedhe. Luwih-luwih ragad dinggo Sidik.

Ndilalah, kurang seka limang sasi, bojoku oleh layang panggilan seka SMA swasta cedhak stadion. Jarene ditampa mulang. Sesuk taun ajaran anyar sing arep teka bojoku mulang, dadi guru. Guru honorer sekolah swasta. Senadyan pemetune mung seprapate dhek dadi juru buku neng perusahaan garmen, ananging uripe keluwargaku saya ayem, saya tentrem. Biyunge bisa nggulawenthah anakke sawutuhe. Aku ya banjur ora kakehan pikiran.

Wiwitane mulang, jarene bojoku kaya wong arep ujian meneh. Saben arep mulang kudu sinau luwih dhisik. Kejaba wis suwe ora mbukak buku pelajaran, dadi guru kuwi ora mung cukup wani mlebu kelas. Ananging kudu luwih ngerti tinimbang muride. Sak ora-orane kudu ngerti luwih dhisik tinimbang muride. Menawa ana murid kangelan, kudu bisa aweh ngerti dunungake.

Kira-kira siji setengah taun dadi guru honorer sekolah swasta, ana biyawara yen pemerintah arep nampa guru calon pegawai negeri sipil (CPNS). Menang cacak kalah cacak, bojoku arep melu tes.

> "Ning anu lho Dhik, kudu legawa apa wae sing bakal dumadi." Kandhaku nanggapi marang karepe bojoku.
> "Sing dikersake penjenengan?" Pitakone bojoku nlesih.
> "Kowe ki rak lagi karo tengah taun wiyata bakti. Kamangka kanca-kanca guru wiyata bakti sing luwih suwe, akeh banget. Bisa uga sesuk gagal. Malah kandhane kancaku kae, menawa arep dadi CPNS kudu duwe koneksi lan kudu duwe dhuwit. Lha awake dhewe, koneksi ora duwe, apa meneh dhuwit."
> "Nek ngono, cekak gampange, penjenengan ora sarujuk aku melu tes?"
> "Ora, ora Dhik. Ora tenan iki. Aja terus kleru tampa. Aku tetep nenepi janjiku. Apa wae sing arep tok tindake, aku sarujuk. Mung aku ki aweh peling, aja nganti mengko terus gela, nglokro, lan ora legawa menawa ora ketampa"
> "Mas, kepriye wae iki kalodhangan mirunggan. Durung mesthi taun ngarep ana meneh. Aku tetep arep nyoba. Menawa ketampa, kuwi sing dikarepke. Menawa ora, ora dadi ngapa."

Krungu kandhane bojoku ngono kuwi, batinku kandha. Beja tenan uripku. Bojoku pancen kena dipercaya. Ora keduwung aku ujar janji. Kamangka janji kuwi utang. Utang sing kudu disaur. Kaya janjine Gathutkaca sing bakal nyuwargakke Kala Bendana. Senadyan kudu tekeng pralaya dening senjata Kunta Wijaya Danu. Gathutkaca legawa netepi janjine.

"Kuwi rak crita wayang. Apa penjenengan kuwi rumangsa kaya Raden Gathutkaca Mas? Gathutkaca kok klimis, dedege mung secuwil. Gathutkaca apa kuwi. Gathutkaca kunthing?"

Bojoku ngece karo mesem, terus ninggal lunga aku sing ndomblong ora ngira yen olehku grememeng keprungu dheweke.

Bandhara Adi Sutjipto, 22 Sapar 1951 Dal.

Mula Bukane Jeneng Tembi

SUWANDI

ING kukuban Kalurahan Timbulharjo, Kecamatan Sewon ana sawijining dhusun kang aran dhusun Tembi. Owah gingsire jaman dhusun sing maune sepi iku saiki dadi reja. Alame sing asri sarta akehe potensi kang diduweni, wis samesthine yen dhusun Tembi sing wis ditetepake minangka salah siji desa wisata ing tlatah Dhaerah Istimewa Yogyakarta iku dadi pilihan kanggo ditekani. Kejaba iku ing dhusun Tembi, uga ana sawijining lembaga budaya kang kondhang, yaiku Tembi Rumah Budaya Yogyakarta. Mula, jeneng Tembi dadi sansaya kondhang, ora mung ing tlatah Indonesia wae, nanging uga kondhang nganti tekan negara manca. Kepriye mula bukane dhusun kasebut bisa karan Tembi?

Atusan taun kepungkur, sawise Krajan Kotagedhe madeg, uga banjur disusul muncule dhusun-dhusun ing sakiwa tengene krajan kasebut. Salah sijine papan kang madeg dadi pedhusunan rikala semana yaiku sawijining dhusun kang aran dhusun Patemben. Jeneng Patemben mono minangka papan mirunggan saka para abdi dalem krajan Mataram. Ing dhusun kasebut, para kulawargane abdi dalem, mligine sing wanita, dipercaya dening para priyayi bangsawan krajan kanggo nyusoni utawa neteki putra-putrine para bangsawan kasebut.



Salah sawijining putra priyayi kang bisa ditlusur nate disusoni dening kulawargane abdi dalem ing dhusun Patemben, yaiku putrane Pangeran Diponegoro kang asma Pangeran Alip utawa Ki Sadewa (ejaan saiki: Sodewo). Pangeran Alip mujudake putrane Pangeran Dipanegoro karo garwane kang asmane Raden Ayu Citrawati. Raden Ayu Citrawati iku putrine Tumenggung Rangga Prawirasentika ing kawasan brang wetan. Pangeran Diponegoro dhaup karo Raden Ayu Citrawati taun 1810. Ora let suwe banjur mijil Pangeran Alip. Emane, sadurunge garwane Pangeran Diponegoro kasebut diboyong lan ditepungake karo kulawarga agung ing Ngayogyakarta, Raden Ayu Citrawati tilar donya ing Maospati -- kerep sinebut Madiun lawas wektu dumadi gegeran ing Maospati-- Nalika dumadi gegeran ing Maospati mau rahayune Pangeran Alip bisa dislametake dening Pangeran Diponegoro banjur digawa menyang tlatah Kasultanan.

Rikala semana, Pangeran Diponegoro nglengkara arep nggawa bayi abang kasebut kondur menyang Tegalreja (ditulis Tegalrejo), amarga ing Tegalreja garwane sing sepuh dhewe uga nembe momong bocah cilik, semono uga karo garwane sing nomer telu. Dene garwane sing nomer loro kang asale saka trah ningrat, luwih akeh manggon ing kaprajan. Mula bayi karan Pangeran Alip mau banjur digawa menyang dhusun Patemben.

Kocapa salah sijine sesepuh ing dhusun Patemben ana sing pinter olah kanuragan. Dening para warga ing laladan dhusun kono piyambake asring diundang kanthi sebutan Ki Tembi.

Pangeran Diponegoro masrahake bayi abang mau marang Ki Tembi. Piyambake ngersakake supaya bayi Pangeran Alip mau disusoni lan digulawenthah kanthi becik supaya mbesuke bisa dadi wong kang migunani tumrap bangsa.

"Jenengana jabang bayi iki kanthi jeneng singlon kareben ora kadenangan dening Walanda," ngendikane Pangeran Diponegora marang Ki Tembi.

"Sendika, Gusti," ature Ki Tembi karo nampani bayi kasebut.

Sabanjure, Pangeran Alip ing dhusun Patemben ora diwenehi jeneng liya, nanging malah kondhang kanthi sebutan Raden Mas Singlon.

Ing besuke, nalika dumadi Perang Diponegoro antarane taun 1825—1830 Masehi, Pangeran Alip pancen dadi salah sijining tetunggule prajurit Pangeran Diponegoro kang banget pengpengan utawa pilih tandhing. Kabeh mau ora liya awit saka panggulawenthahe salah siji saka sesepuh dhusun Patemben yaiku Ki Tembi. Ing saben paprangan, dheweke anggone tandhing ibarate kadya dewa, saking ampuhe. Mula Pangeran Alip uga kondhang kanthi asma Ki Sadewa (panulise Sodewo), saka tembung "kadya dewa".

Sawise rejaning jaman, ora mung turunane Pangeran Diponegoro kang kerep nyebut dhusun Patemben, papane Pangeran Alip nalika digulawenthah dening Ki Tembi, nanging uga saka para trah bangsawan liya lan masarakat sakiwa tengene, banjur nyebut dhusun kasebut kanthi sebutan Dhusun Tembi, saka jeneng sadurunge Patemben. Mbokmanawa dijupuk saka jeneng Ki Tembi, piyayi kang dadi sesepuh dhusun kasebut. Nganti tekan saiki ing dhusun Tembi isih ana makame Ki Tembi lan salah sawijining muride kang aran Kyai Dipasana. Makam kasebut tansah dirumat dening masarakat Dhusun Tembi. Ing cedhake ana sawijining wit Preh kang gedhe banget.

Bantul, 16 Januari 2018

WERKUDARA

JENENG enome Brotosena, putrane Pandu Dewanata lan Dewi Kunthi Talibrata, klebu sedulur pendhawa lima, Werkudara putra nomer 2 (loro) dene putrane mbarep Raden Punta Dewa utawa Yudhistira dene adhine ana telu (3) yaiku Raden Arjuna, sikembar Nakula Sadewa. Pawakane Raden Werkudara gagah gedhe dhuwur, ora bisa basa krama inggil marang sapa wae yen rembugan nganggo basa ngoko sanajan marang sing luwih tuwa ewa semono ora ninggal suba sita.

Bebrayan karo Dewi Arimbi peputra cacah telu lanang kabeh yaiku Gathutkaca, Antareja, Lan Antasena. sing isa dinggo conto marang awake dhewe, Raden Werkudara klebu setya marang sing dianggep sepuh lan dadi gurune, klebu setya marang Durna senajan dadi sesepuh ing Negara Astina, nanging amarga dadi gurune, Werkudara setya lan tresna marang Durna, iki sing bisa kanggo suri patuladhan.**(aye)**



RADEN BRATASENA

Pitutur ing Paribasan-Bebasan

NINDWIHAPSARI

SAMPUN kauningan ing ngakathah bilih kasusastran Jawi punika wonten marupi-rupi jinising susastra. Mboten namung ingkang jinis babad, crita cekak, geguritan, tuwin sandiwara kemawon; ananging wonten ugi ingkang awujud bebasan, paribasan, sanepa, lsp.

Susastra Jawi jinisan bebasan paribasan punika, sanajan langkung alit/cekak tinimbang jinis sastra Jawi sanesipun, nanging mboten langkung asor/awon. Kepara, malah ing bebasan paribasan punika kathah piwucal-piwucal cespleng ingkang sae tuwin langsung karaosaken suraosaipun.Supados bebasan paribasan lsp punika saged katampi lan kasuraos kanthi sekeca, wonten ingkang kacariyosaken. Tujuwanipun, mboten sanes, supados bebasan paribasan lsp ingkang sok rekaos dipunmangertosi piwucalipun lajeng dipundamel mawi cariyos. Bebasan paribasan lsp ingkang kadamel cariyos punika supados kangge bahan pasionan dhumateng sok-sitena kemawon. Langkung-langkung wonten ing pamucalan utawi ing sekolah-sekolah.

Pancen paribasan-bebasan Jawi ingkang wonten punika menawi mboten kaserat mawi cariyos saged ugi ndadosaken rekaos dhumateng ingkang sami mirengaken utawi maos. Amargi basanipun puitis cekak aos, nanging satunggal gatra/baris, mesthi lajeng damel bingungipun ingkang sami mirengaken. Kejawi punika, bebasan paribasan lsp punika, amargi puitis lan sinandhi, adhakanipun kathah dipunangge ing jagading padhalangan utawi ringgit purwa, lsp. Pramila, supados mboten damel bingung, prayogi kadamel cariyos laras kaliyan isinipun bebasan paribasan punika.

Kathah generasi mudha Jawi ingkang sampun mboten mangertosi malih kaliyan bebasan paribasan Jawi. Dene buku ingkang sae saha sampun wonten inggih punika buku anggitanipun Mas Merta Senjaya. Buku punika sampun dipuncithah dening Bale Pustaka duk rikala taun 1920-an. Contonipun paribasan mawi cariyos Ing paribasan suwau krraos sanget Jawinipun, Jawi ingkang mengku pameleh, panyendhu, kritik, gojegan, nanging kreatif. Kanthi caranipun ingkang kreatif Mas Merta Senjaya minangka anyariosaken bebasan menika dados karya ingkang nengsemaken. Jawi jaman abad ka-19 engga awaling abad ka-20. Ing ngriku liripun badhe suka pitutur bilih tetiyang menika kedah tansah empan papan, nglarasaken kaliyan kawontenan. Sampun ngantos gadhah panjangka ananging mboten laras kaliyan kawontenanipun utawi kalenggahanipun. Kajawi punika, sampun ngedir-ediraken dumeh dados tiyang sugih lajeng menapa kemawon saged dipunkelun, dipuntumbas. Kamangka, mboten sedaya prakawis ing ngalam ndonya punika mboten saged karampungaken mawi sarana banda. Bandha ingkang kathah mboten kangge umuk-umukan, ananging saged kangge sarana mawasdhiri bilih gesangipun sampun kaparingan kalangkungan dening Gusti Allah.

> "Sumengka pangawak braja", makaten: Ana lurah sugih sarta onjo ing samubarang, ing atase lurah duwe anak lanang siji. Bocahe iku dhek biyen isih cilik, dilebokake dinau ing oamulangan, barang uwis rada pinter, mbanjur disaosake munakawan ing bupatine. Sarehne lurah mau sugih, bocah mau sadina-dina menganggo kaya putram sarta kaanggeo ing mubarang gawe.
>
> Bareng bocah mau diwasa, lurah mau arembugan lan sanak sadulure, yen anake lanang iku, arep kasuwunake putrane bupatine. Sanak-sadulure padha ora rembug, wangsulane, "O, iku aku ora rembuh, iya teka bener kowe lurah sugih, ananging atase lurah nyuwun putrane bupati, iku sumengka pangawak braja, iya yen pareng, balik yen ora dadi parenge, mundhak ndadekake susah."
>
> Mungguh rembuge sanak-sadulure mau, ora pisan-pisan dipaelu. Ing sawijining dina, lurah mau sowan ing ngarsane bupatine, sumeja nuruti pikarepane. Bareng duwe atur yen nyenyuwun putra putri, arep katemokake lan anake iku, bupati kaget ing galih, sarta ora karsa paring wangsulan pangandika. Bareng suwe ora kaparingan wangsulan, lurah banjur nyuwun mundur. Dene ora antara dina bocah kang munakawan mau, mbanjur diwetokake. Bareng bocah iku mari munakawan, sanak-sadulure padha ngira, yen lurah mau sida nandukake "sumengka pangawak braja".

Paribasan "Sumengka pangawak braja" kita sami dipunengetaken bilih ing ngalam donya punika wonten tataran-tataraning kemasarakatan. Tataran wau mboten kangge mbedak-bedaken, nanging kangge sarana tetimbangan. Kacihna, sanajan namung wujuding ungel-ungelan ingkang cekak, mboten ateges sakedhik cethek piwucalipun. Sanajan sampun kepara sepuh, nanging susastra Jawi taksih dados dilah menggahing tiyang Jawi anggenipun mecaki gesanipun.

Dudutanipun: pitutur luhur saged kalari ing susastra Jawi, salah satunggilipun ing bebasan Jawi. Bebasan Jawi saged dados tepa palupi prasaja, nanging ngemu piwucal lebet ingkang mranani. Makaten.

*) Peneliti Balai Bahasa DIY

Diembani dening Dinas Kebudayaan DIY tuwin Balai Bahasa DIY

'Saengga' Asli Jawa

Nindwihapsari

ING madyaning pasrawungan sing migunakake basa Jawa, saiki wus mratah keprungu tembung saengga minangka tembung panggandheng (konjungsi). Upamane, "Kala wingi jawah terus sanget, saengga nuwuhaken bena." Ana sing kandha yen tembung saengga kuwi saka tembung basa Indonesia sehingga, sing banjur salah kaprah dianggo dening masarakat Jawa.

Pitakonan sing tumus, apa bener yang tembung saengga iku basa Indonesia? Sawise sauntara wektu nggoleki sumber-sumber saka naskah basa Jawa, tibake tembung saengga iku asli duweke basa Jawa. Panulis bisa nemokake bukti nyata bab kasebut sawise mbukaki Serat Lokapala, koleksine Kraton Ngayogyakarta, pupuh Pangkur pada 8; pupuh Kinanthi pada 19, 20, lan 24.

Ing pupuh Kinanthi 8 unine mangkene:

Tutulung rusaking bala,
menthang langkap lumepas kang jemparing,
kumrusuk **saéngga** jawuh,
sanjatanira patah,
nora pegat sangking gandhéwa kemebul,
maratani ing paprangan,
tibané kadya gerimis.

Banjur, ing pupuh Kinanthi 19 tinulis:

Narapati Candraketu,
saha bala kang nambungi,
ngirit satus para raja,
asri busanèng ngajurit,
saéngga sekar setaman,
ingkang sumambung wuri.

Candhake ing pupuh Kinanthi 20:

Narapati Suryaketu,
ngirit satus kang para ji,
sari busananing balantra,
séngga ingkang taru resmi,
Nerpati Ngalatanaya,
ingkang sumambunging wuri.

Pupuh Kinanthi 24:

Saéngga prabawa kapuk,
katempuh dresing kang angin,
mawur ing saparan-paran,
wadya gung kang rebut margi,
sumyur kumaili ambyar,
angebegi wanagari.

Lumantar bukti-bukti mau, cetha yen tembung saengga wus ana sadurunge ana basa Indonesia. Dadi, yen saiki ana wong Jawa padha nanggo tembung kasebut ana ing kalodhangan resmi apa ora resmi kuwi ora salah, kepara malah bener. Pancen ana sinonime, upamane: tundhone. Tembung sinonim iki saiki sing kerep keprungu lan tinulis ing karya sastra apadene ing medhia massa abasa Jawa. Amarga tembung saengga asring dipadhakake tembung basa Indonesia sing nrocobi basa Jawa, mula tembung tundhone dianggep sing paling bener.

Tembung memper saengga (sing dianggep saka basa Indonesia) minangka tembung panggandheng ukara tibake uga tinemu ing basa Sunda: sahingga. Bab iki nuduhake, yen satemene tembung saengga (Jawa) lan sahingga (Sunda) iku duwe emper-emperan teges karo sehingga (Indonesia) sarumpun. Mula, yen wong Jawa migunakake tembung saengga kuwi wus salumrahe (katampa).

*) Peneliti sastra Balai Bahasa DIY



Pentas teater Surjan, teater Kendi dan Art for Children, Lakon "Sawiji" ing Gedung Societet TBY ***(foto-fid)***

DRS. BUGISWANTO

Ngawal Kabudayan Jawa

SENAJAN yuswane klebu wus ora enom maneh, ananging pangandikan priya iki isih cetha lan manteb, migunakake basa Jawa krama inggil kanthi esem grapyak semanak. Priyayine andhap asor, kebak tata krama lan tansah ngajeni ing sasama, ndadekake kanca apadene wong kang lagi kenal betah wawan rembug klawan piyambake. Sregep ambyur ing donyaning kabudayan Jawa, paring seserepan lan kawruh budaya adiluhung, gawe materi pembelajaran budaya Jawa, wayang, karawitan, bathik, dolanan anak, lsp. Andum ngelmu minangka narasumber babagan kabudayan ing sarasehan, dhialog, workshop, seminar, siaran radhio lan televisi saha kemah budaya. Klebu ora wigih-wigih atur panyaruwe babagan basa, sastra lan aksara Jawa ing sadhengah papan. Asring rawuh ing upacara adat tradhisi merti bumi, gumregan lan labuhan kang diadani dening masarakat sa kukuban DIY.



Drs Bugiswanto ***(foto-smn)***

Priya kasebut Drs Bugiswanto, kelairan Sleman, 4 Agustus 1956 kang pidalem ing Nepen, Candibinangun, Pakem, Sleman, DIY. Priya kang kawit taun 2013 nganti 2018 iki dipercaya minangka tim monitoring lan evaluasi desa budaya, ngandharake, desa budaya ing DIY tansaya ngrembaka. Taun 1995 mung ana 32 desa bina budaya, dene ing taun 2016 wus dadi 56 desa budaya saha 44 rintisan desa budaya. Diajab desa budaya kasebut bisa ngreksa lestarine budaya lokal kanthi warisan budaya benda lan takbenda, saengga kabeh theg kliwer kabutuhan desa kasebut bisa dicukupi dening pemerintah desa budaya utawa pengurus desa budaya lumantar pengelolaan budaya.

Riwayat pasinaon Pak Bugis yaiku SDN Baratan Pakem, SMPN IKIP 3 Pakem, SMAN IKIP 3 Pakem, STSRI ASRI/ ISI jurusan seni lukis lulus taun 1985. Kawit taun 1979 nganti 1985 wus mulang seni rupa ing SMP, SMA saha SPG. Taun 1999-2001 Kasi Bina Program/Pimpro Bidang Kesenian Kanwil Depdikbud Prop DIY. Taun 2002-2003 Kasi Bahasa Jawa Dinas Kebudayan dan Pariwisata DIY, Taun 2004-2011 Kasi Adat Tradhisi, saha taun 2011-September 2012 Kepala Museum Sonobudoyo Yogyakarta. Taun 2015 nganti saiki minangka Ketua Presidium Majelis Luhur Kepercayaan Terhadap Tuhan Yang Maha Esa Indonesia DIY.

"Kula gadhah pangajab, wonten juklak saha juknis pengelolaan desa budaya ingkang saged kangge cekelan tumrap pengurus desa budaya, saengga ancas saha gegayuhan desa budaya mandhiri saged kasembadan. Desa budaya kedah gadhah peta budaya wonten desa budaya kasebut. Peta budaya wau isinipun profil saha potensi budaya unggulan. Potensi budaya unggulan saben desa budaya werni-werni saha benten-benten. Dene kangge publikasi saha informasi, desa budaya kedah ndamel *website*. Kalendher even saged dipunbiwarakaken wonten mriku." K**ajaba** iku, upacara adat tradhisi kang nalika taun 2003 lagi ana 40-an kelompok upacara adat tradhisi ing tlatah DIY, kawit taun 2005 Pak Bugis kupiya kepriye carane supaya upacara adat tradhisi bisa ngrembaka. Sebab upacara adat tradhisi iku salah sawijine cara kanggo nglestarekake nilai-nilai kang becik satengah bebrayan agung, kayata gotong royong, guyup rukun, toleransi, lsp. Upacara adat tradhisi iku bisa lumaku kanthi apik menawa patang bab bisa nyawiji yaiku masarakat, wektu, papan panggonan lan uba rampe. Lan ing taun 2018 iki, wus kasil ora kurang cacah 200-an kelompok upacara adat tradhisi saka 438 desa lan kalurahan ing wewengkon DIY. Diajab, upacara adat tradhisi kang digelar dening masarakat bisa ningkatake ekonomi, kang tundhone gawe rejane masarakat. Gegandhengan wektu iki durung kabeh kelompok upacara adat bisa mandhiri nggelar upacara adat tradhisi, mula saperangan isih *difasilitasi* dening pamarintah.**(smn)**

Kampung Jemparingan "Langen Progo" Pengasih Kulon Progo

KUPIYA pendhidhikan karakter jiwa kemataraman berbasis budaya bisa dilakoni kanthi tata lair lan tata batin. Salah sawijine pendhidhikan karakter budaya kemataraman minangka tindak lanjut peraturan daerah (Perda) pendhidhikan karakter kabupaten Kulon Progo yaiku kanthi kridha jemparingan. Jemparingan bakal dileboake ing kurikulum pendhidhikan tumrap para siswa ing bangku pasinaon, minangka pelajaran ekstrakurikuler.

Jemparingan kang dadi tinggalane para priyagung Mataram jaman kawuri, wektu iki tansaya ditinggalke dening masarakat DIY mligine generasi mudha. Akeh generasi mudha kang wus ora mangerteni maneh apa kuwi jemparingan. Kamangka jaman kraton Mataram, jemparingan tau misuwur minangka olah raga lan olah rasa karemane para priyagung lan sentana dalem kraton Mataram. Para priyagung lan sentana dalem asring gladhen jemparingan ing alun-alun. Jemparingan ora mung waton menthang gendhewa ngeculake busur panah tumuju sasaran, naning uga nglatih olah rasa kanthi manthengake pikir (konsentrasi), ketenangan jiwa, kalebu nata ati supaya anak panah kang diculake bisa titis.

Madege Kampung Jemparingan Kemataraman "Langen Progo" ing desa Pengasih, Jl. Pengasih-Sentolo nomer 1, Pengasih, Kulon Progo kang dikepyakake dening Bupati Kulon Progo dr H Hasto Wardoyo, Sp. OG. (K) rikala 21 Oktober 2017, entuk kawigaten saha panyengkuyung masarakat Kulon Progo. Miturut bupati, kridha jemparingan iku kajaba nguri-uri tradhisi lan budaya kemataraman, uga kanggo nglatih jiwa raga saha sawijining kupiya merangi budaya manca kang kurang trapsila.

Penggagas Kampung Jemparingan "Langen Progo" Pengasih kang uga minangka Sekretaris Dinas Kebudayaan Kulon Progo Joko Mursito SSn MA marang *Sempulur* ngandharake bab mula bukane Kampung Jemparingan "Langen Progo". "Watawis taun 2016, kula ngangsu kawruh bab jemparingan wonten Langenastran, Ngayogyakarta Hadiningrat. Sasampunipun menika, kula lajeng damel *simulasi* jemparingan wonten Kulon Progo kaping kalih. Pranyata, wekdal semanten pikantuk kawigaten ingkang ageng saking masarakat. Lajeng sesarengan sisihan kula saha lare-lare, kula ngedegaken Paguyuban Jemparingan "Langen Progo" menika wonten wulan Januari 2017." pratelane Joko Mursito.

"Nalika wonten pepanggihan Paguyuban Jemparingan sa-Nuswantara ingkang punadani wonten Ngayogyakarta, kula adreng badhe ngundhuh Kongres Jemparingan Nusantara. Konggres badhe kula boyong supados dipunadani wonten Kulon Progo kanthi ancas jemparingan wonten Kulon Progo langkung grengseng. Pranyata, Konggres Jemparingan Nusantara saged kalampah wonten Kulon Progo kanthi



Para siswa nganggo udheng blajar jemparingan **(foto-smn)**



Joko Mursito, S.Sn, MA ***(foto-dhokumentasi)***

sae wonten ing wulan Oktober 2017, sesarengan kaliyan kepyakan Kampung Jemparingan Mataraman "Langen Progo" desa Pengasih menika." Joko Mursito SSn MA mbacutake katrangane.

Isih miturut Joko Mursito, Kampung Jemparingan "Langen Progo" Pengasih bukak saben dina. Dina Senen tekan Kemis buka watara tabuh 15.00 nganti 17.30 WIB, dene dina Setu lan Ngaad (Minggu) buka kawit tabun 06.00 esuk nganti 17.30. Sarat kridha jemparingan yaiku pasarta kudu nganggo lurik lan blangkon lan anggone njemparing kanthi lungguh sila. "Wonten Kampung Jemparingan mboten wonten istilah lomba, wontenipun gladhen. Gladhen alit saha gladhen ageng. Gladhen alit menika tingkat lokal regional, dene gladhen ageng menika tingkat nasional. Ingkang unggul istilahipun mboten pikantuk hadhiah, ananging bebungah. Kulon Progo nate ngawontenaken gladhen ageng rikala wulan Oktober 2017 sesarengan pengetan ambal warsa Kabupaten Kulon Progo kaping 66 wonten ing alun-alun Wates, kanthi pasarta cacah 500. "


Jemparingan diajab bisa minangka wadhah pendhidhikan karakter saha budaya kemataraman tumrap generasi mudha mligine para siswa. Miturut Joko Mursito SSn MA, tumrap para siswa wus disiapke paket wisata edhukasi jemparingan, yaiku diwiwiti nonton pasugatan kesenian unggulan Kabupaten Kulon Progo yaiku tari angguk, diterusake nyanyi lagu kebangsaan Indonesia Raya. Sawise iku siswa diajak mbathik udheng bebarengan ing Sanggar Budaya Singlon Pengasih. Anggone mbathik miturut kreatifitase para siswa dhewe-dhewe. Sawise dicanting, dikelir (warna), dilorot, terus dipepe ing plataran. Sasuwene nunggu garing, siswa diajak dolanan krumpyung bareng-bareng. Sawise udheng kang dibathik garing, udheng asil karya siswa digelar supaya bisa diapresiasi bebarengan.

Saka Sanggar Singlon, siswa banjur tumuju Kampung Jemparingan "Langen Progo" Pengasih kang adohe udakara 500 meter. Tumrap siswa Muslim, diajak nindakake salat dzuhur kanthi jamaah luwih dhisik. Sawise salat, siswa latihan carane nganggo udheng, sebab sarat njemparing pancen kudu nganggo tutup sirah. Ing kono para siswa uga diajari carane nganggo busana Jawa, pikantuk sujarah cekak jemparingan saha karo lungguh sila siswa sinau carane menthang gendhewa supaya bisa njemparing kanthi bener lan titis. **(smn)**



Pasarta Gladhen jemparingan ***(foto-dhokumentasi)***

Dwi Naga Rasa Tunggal



Dwi Naga Rasa Tunggal **(foto-fid)**

TEMBUNG "sengkalan" asale saka tembung saka lan kala. Saka utawa Caka iku jenenge bangsa Hindu, kala iku tegese wektu. Sakakala yaiku kalane ana ratu golongan Caka kang jumeneng ing Hindu sisih kidul, lan wektu iku wiwitane taun saka, yaiku taun 1 utawa tahun 78 Masehi.

Mungguh sengkalan iku ana kang migunakake taun rembulan diarani Candrasengkala, dene sengkalan kang adhedhasar taun srengenge, diarani Suryasengkala.

Adhedhasar wujud lan dhapukane, sengkalan ana werna loro :

1. Sengkalan lamba kang awujud kumpulaning tembung utawa wujud ukara.
2. Sengkalan memet, kang awujud gegambaran utawa pepethan.

Sengkalan memet iku luwih angel padhapuke jalaran ora ditulis ing sajroning ukara nanging diwujudake nganggo pepethan utawa gambar.

Tuladhane ing kraton Ngayogyakarta sisih kidul ana gambar ula naga cacahe loro sing buntute nggubed kanthi jeneng Dwi Naga Rasa Tunggal utawa taun Jawa 1682. **(aye)**

Duwung

Brajaguna: mpu keris kang kawentar saka Madura. Brajaguna pindhah saka desa Wonoayu Madura tumuju ing tlatah Jawa nalika jaman Kartasura. Brajaguna ngabdi marang Raja Mataram Kartasura saka jaman Amangkurat III. Keris lan tombak yasan mpu Brajaguna kawentar rosa amarga ngandhut unsur baja kang luwih okeh. Digdayane yasan Brajaguna, keris tombake bisa nembus tamenge mungsuh.

Combong: sebutan liya saka keris Pamengkang Jagad. Keris kang cacat amarga benthet utawa pecah ing tengah wilahe. Ewadene kalebu keris cacat lan ora ana ajine, ing satengahing masarakat sumebar crita digdayane keris combong, yaiku minangka jimat pengasihan utawa pelet.

Kamalan: ramuan saka bubuk lirang, uyah, lan terkadhang ditambah banyu jeruk pecel (nipis). Ramuan iku dinggo nyepuhake keris, tombak utawa pusaka liyane. Keris kang wus dikamal dadi luwih alus, ilang bekas asahan, kikiran, utawa bekas grendane. Terkadhang cara kamalan uga dinggo ngapusi. Keris yasan anyar yen dikamal luwih suwe dadi katon sepuh, memba keris umur atusan taun.

Kelengan: sawijining bahan tosan kanggo gawe keris utawa tosan aji liyane. Miturut buku-buku kuno, tosan iku duwe warna ireng lan kasar. Yen ditinting unine ruuung. Tosan kurang apik amarga bisa gawe sing kanggonan bodho, boros, lan disengiti liyan. Tosan kelengan beda teges karo Keris Kelengan. Keris Kelengan yaiku keris kang blas ora ana pamore, ireng polos.

Kinatah: utawa tinatah jangkepe 'tinatah tinatur rengga' yaitu sawijining renggan ing keris, tombak, pedang, utawa tosan aji liyane. Renggan saka jene (emas) disebut kinatah emas, menawa saka perak disebut kinatah perak, dene menawa campuran perak lan emas disebut kinatah silih asih. Kinatah beda karo sinarasah. Sinarasah yaiku, nempleki emas utawa perak ing wilah keris, dene kinatah iku natah.

Pamor Akhodiyat: pamor kang cumlorot kang luwih byar tinimbang pamor sakiwa tengene ing sawijining wilah keris. Saklerapan pamor iku amung kaya dleweran tosan memba perak kang putih cumlorot. Miturut Mpu Pusposukadgo, pamor akhodiyat bisa muncul amarga hawane trep nalika gawe keris. Pamor akhodiyat kelebu pamor tiban, pamor kang ora bisa digawe, pamor kang dumadi saka lilah Gusti Allah SWT dede seka pangrekane mpu. **(avg)**

(Kapethik saka Ensiklopedi Keris, Bambang Harsrinuksmo)

Aksara Wilangan

1	2	3	4	5	6	7	8	9	0
ꦟ	ꦒ	ꦓ	ꦕ	ꦖ	ꦗ	ꦙ	ꦚ	ꦛ	ꦐ


Panganggone aksara wilangan ana ing satengahing pada pangkat ;...;

Tuladha panganggone :

taun 2018 ꦲꦤ꦳ꦲ꦳ꦶꦒꦐꦚꦶ

kaca 17 ꦲꦩꦭꦶꦟꦛꦭꦶ

nomer 26 ꦟꦲꦍꦺꦴꦶꦒꦗꦶ



Kyai Jangkar: Sesepuh Desa Jangkaran

MASARAKAT adat ing tlatah Daerah Istimewa Yogyakarta duwe maneka crita yang narik kawigaten. Saka mitos, dongeng, legendha, crita lesan kang lumrah dingerteni tumekan mulabukane nama-nama dhaerah ing tlatah kutha Gudheg iki.

Wektu iki lagi anget warta bab pambangune *New Yogyakarta International Airport* kang kacekak NYIA. Pambangune bandhara anyar iku dileksanani ing telung desa yaiku, Glagah, Palihan, lan Jangkaran. Desa Jangkaran minangka desa kang paling pojok kidul kulon yen disawang saka pusat kutha Yogyakarta. Sabanjure ing rubrik wacan lesan iki, bakal dibabar kepriye mulabukane desa ing pojokan Daerah Isimtewa Yogyakarta iki bisa disebut Desa Jangkaran.

Desa Jangkaran saka geografis ing sisih Lor winates Kali Bogowonto, sisih Kidul winates Samudra Indonesia, sisih kulon winates Kabupaten Purworejo, lan sisih Wetan winates Desa Sindutan. Desa kang jarake saka kutha Yogaykarta uda kara 40-an kilometer iku duwe wilayah 266.1291 Ha jembare.

Masarakat Jawa kawentar uga saka tradhisi lisane. Crita-crita saka sesepuh kang tansah tutur tinular utawa gethok tular saka tangga kiwa-tengen tumeken anak putune. Crita mulabukane desa Jangkaran iku mung kepeneran othak-athik gathuk apa pancen temenan perlu kabuktekake saka kasunyatan-kasunyatan utawa saka crita-crita kang diyakini masarakat kana. Apa iya merga ing pinggir pesisir kebak nelayan, dene kapal iku ana jangkare banjur dijupuk dadi nama Desa Jangkaran. Ing pamanggih liyane apa merga ana

Makam Kyai Jangkar ***(foto-avg)***



Peta Desa Jangkaran
(copyright. google maps)



Kepala Desa Jangkaran
R. Murtakil Humam, BA ***(foto-avg)***

ing pinggiring tlatah D.I. Yogyakarta minangka gardha ngarep lan dadi jangkaraning pertahanan kutha Yogyakarta? mila disebut Desa Jangkaran?

Kepala Desa Jangkaran R. Murtakil Humam, BA mratelakake yen jaman biyen ana kulawarga kanthi asma Kyai lan Nyai Jangkar *"nek miturut critane, rumiyin wonten tiyang asma Kyai Jangkar, lan dugi sepriki pasareyanipun taksih wonten ing dusun Jangkaran"*. Pasareyan Kyai Jangkar tekan saiki isih kerumat dening warga masarakat Jangkaran. Kahanan pasareyan Kyai Jangkar kang ajeg krumat iku merga masarakat Jangkaran isih percaya yen Kyai Jangkar iku minangka uwong sepisanan kang ana ing desa iku utawa cikal bakaling Desa Jangkaran.



Tlatah Jangkaran uga kebak ditanduri wit-witan kepuh. Uwit kepuh nduwe dasanama 'jangkang' (jangkang : kn 1 woh kêpuh; sastra.org). Uwit kang nama latine Sterculia foetida Linn *iku pancen lumrah urip ing pinggir pesisir. Sumber liyane uwit kepuh uga lumrah urip ing papan kang sakral. Tembung 'jangkang' lira-liru pangucape dadi 'jangkangan', lan suwe-suwe masarakat nyebut dadi 'jangkaran'. Nama Desa Jangkaran uga ana kang mbabar saka jeneng uwit Jangkang utawa Kepuh iku.*

Mula bukane Desa Jangkaran uga ora bisa kapisah saka sejarah Pangeran Notokusumo (Putra Dalem Sri Sultan Hamengku Buwono I). *Pangeran Notokusumo ing taun 1813* diangkat dadi KGPAA Paku Alam I kanthi pelenggah kang sumebar ing sisih Kulon kali Progo lan sisih Lor pesisir Kidul kang kawentar kanthi nama Pasir Urut Sewu.

Kyai Kawirejo I Sentana dalem KGPAA Paku Alam I, usul Palenggah kasebut didadekake siji, kang dijenengi Kabupaten Karang Kemuning. Pusat pamarentahane ing Brosot kanthi bupati sepisane Raden Tumenggung Sosro Digdojo.

Raden Riyo Wosodirdjo (Bupati II) pikantuk parentah saka KGPAA Paku Alam V supaya nggaringake tlatah Rawa Karang Kemuning. Raden Riyo Wosodirdjo kasil nggaringake Rawa Karang Kemuning dadi sawah kang jembar lan subur, saka iku Paku Alam V parentah dene kabupaten kang maune dijenengi Karang Kemuning ganti nama dadi Kabupaten Adikarta (adi: linuhung, peni, mulya; karta; tentrem, sarwa tata) kanthi pusat pamarentah ing Bendungan. Sabanjure, desa-desa padha muncul kalebu Desa Jangkaran. **(avg)**

Sejarah Keistimewaan D.I. Yogyakarta

DINTEN Rebo tumekan Kemis (21-22 Februari 2018) para siswa sekolah tataran SMA sadrajat, guru-guru mata pelajaran Sejarah, mahasiswa, lan kampus-kampus kang nggelar kuliah Sejarah turut ing acara Focus Group Discussion kang diadani dening Dinas Kebudayaan D.I. Yogyakarta. Kagiyatan kang mapan ana ing Ruwang Bima iku ngundang para akadhemisi lan paneliti saka Badan Perpustakaan Arsip Daerah, Universitas Gadjah Mada, Balai Pelestarian Nilai Budaya minangka pambicara.



Para pasarta dhiskusi ***(foto-avg)***

Para pambicara saka maneka instansi iku mbabar bab-bab wigati kaya dene Tata Ruang sebagai Elemen Keistimewaan D.I. Yogyakarta, Sejarah Tata Pemerintahan di D.I. Yogyakarta, Seni Budaya Yogyakarta dalam Perspektif Sejarah, lan Sejarah Kepemimpinan di Yogyakarta, lan Tanah kesultanan D.I. Yogyakarta. Materi-materi iku kanggo mantik para rawuh supaya tuwuh rasa ndarbeni Keistimewaan D.I. Yogyakarta.

Para pambicara sabanjure njaring pamanggih saka para rawuh kanggo tambahing kawruh lan sumber bab Keistimewaan D.I. Yogyakarta. Kridha iku tundhone bakal nuwuhake buku kang mbabar bab Sejarah Keistimewaan D.I. Yogyakarta. **(avg)**

Wajib Kunjung Museum

DINAS Kebudayaan D.I. Yogyakarta ngadani program Wajib Kunjung Museum utawa kacekak WKM. Program iku katujokake kanggo sekolah-sekolah seka tataran SD, SMP, lan SMA sadrajat. Program iki minangka kagiyatan njaban kelas lan bisa dadi tambahing kawruh, babad sejarah, lan tundhone bisa mbangun jati dhiri tata krama lumantar museum-museum kang ana ing Daerah Isitimewa Yogyakarta.




Para siswa Wajib Kunjung Museum ***(foto-avg)***

Program iki pancen onjo, sekolah kang wis ndhaftar banjur dipethuk bis. Bis telu kang ginambaran museum-museum ing tlatah D.I. Yogyakarta tansah siyaga. Para siswa pikantuk dhaharan lan tetedhan saha tiket mlebu museum. Cara dhaftare gampang, bisa migunakake program WKM Reguler utawa WKM Mandiri. Para sekolah yen ora sranta anggone nunggu antrian ing WKM Reguler bisa nggunakake program WKM Mandiri, amarga antrian ing WKM Reguler wis atusan sekolah kang dhaftar.

WKM wus ngancik taun kaenem saka wiwitane ing taun 2013. Sekolah-sekolah kang nduwe krenteg ndhaftar program iki bisa tilpun langsung Dinas Kebudayaan D.I Yogyakarta Bidang Permuseuman (0274) 562628. **(avg)**

: ๓๓ :

๑ ๑๑๑



Duga-Duga lan Prayoga

Duga-duga, prayoga, duga prayoga iku para kuna ora ana mulang kelawan dumukane, saben-saben mulang mung amratelakake, kang nganggo duga prayoga, tumrape kang winekas kurang sumeleh, dadi isih kadung-kadung gone nindakake, kaluwiyan manawa tumrap kang isih kurang kawruhe ora dungkap babar pisan, malah panganggone bae ora bisa tumeka ing jaman iki.

Iya durung ana kang andumukake, bok manawa kagalih susah, awit saka pakewuh utawa saka kadawan, lan pancen ora ana dumukane, sabab saka panemuku, duga iku tembung gadug, gadug iku tutug, utawa gadhug, dadi duga-duga iku pantoging pamatara utawa kira, pamatara lan kira iku saka ing cipta, dadalaning cipta saka pangrasa, pangrasa iku tuwuhe saka paningal, pangrungu, pangambu, rasa lan karasa, mangkene wijange : sawise kowe andeleng angrungu, angambu angrasa lan angrasakake, iku banjur duwe pangrasa, pangrasa mau lumebu ing cipta, sawise metu dadalan saka kira utawa watara dadi jeneng duga.

Prayoga, saka panemuku tegese pantes, dene pantes mau panemuku wetune saka angen-angen dadalan saka ing cipta watara utawa kira, sangkane iya saka paningal, pangambu, pangrungu, rasa lan karasa, lumebu ing pangrasa, banjur marang cipta lan banjur marang angen-angen.

Sarehne mangkone : wiwijangane, panemuku dadi kapriye gone andumukake, wong tanpa tepa lan tuladha, utawa tanpa wujud.

Tetembungan duga-duga lan prayoga ing ndhuwur mau kamot ana ing buku Serat Puspitamancawarna, jilid 1 angka 9, yen dijlentrehke kira-kira mangkene :

Duga-duga iku tembung wiwit kuna kang tegese kira-kira kang perlu dipikir luwih dhisik. Prayoga tegese panglimbang kang becik utawa pantes.

Mung wae tembung duga-duga lan prayoga mau ora bisa diterangake kanthi pas utawa nyata mungguh sing kepriye cak-cakane tembung kuwi.

Upama ana wong ngandhani marang wong liya supaya duga-duga lan prayoga kuwi wong sing dikandhani kudu bisa gawe pangira-ira dhewe mungguh kepriye patrape tembung mau, digayutake karo apa kang bakal ditindakake.


Mula cak-cakane tembung duga-duga lan prayoga kuwi dijumbuhake karo rasa lan pangrasane wong kang arep nindakake jejibahan murih pantes utawa slamet lan kaleksanane apa kang ditindakake.

(Tulus Widodo)

BALE SIGALA-GALA

cergam Mulyantara





Suradira jayaning rat, lebur dening pangastuti



Watak angkara murka bakal sirna dening budi welas asih.

ISSN 2085-2673

dhesain kaligrafijawa: Suhardi